Manyèl sou Entèvansyon ak Atant nan Konpòtman

Rekòmandasyon pou Angajman Elèv Ak Pou Sipò Konpòtmantal Pozitif

Revize 1 Out 2022

Entwodiksyon 2

SEKSYON 1

Sa ki gen nan liv la 4
Responsabilite Pèsonèl Lekòl la ak Distri a 4
Responsabilite Elèv la 4
Responsabilite Paran an 5
Responsabilite Administratè Lekòl la ak Pwofesè 5
Kote Ensidan Konpòtmantal la fèt 6
Kolaborasyon avèk Depatman Polis Norwalk ak Ajan pou Resous Eskolè yo . . . 6
Kesyon Lapolis Poze Elèv yo 7

SEKSYON 2

Kreye epi Kenbe yon Lekòl Ki San Danje 8
Entèvansyon ak Sipò pou Konpòtman Pozitif (PBIS) 8
Pratik ak Apwòch Reparatè epi ki baze sou twomatis la. 9
Responsabilite Enstriktif 9
Responsabilite Korektif. 10
Elemantè 11
Entèmedyè ak Sekondè 11
Pratik Reparatè 12
Glosè pou Pratik Reparatè. 12
Sipò ak Entèvansyon 13
Dokiman Obligatwa 13
Glosè pou Sipò ak Entèvansyon 14

SEKSYON 3

Garanti nan pwosedi a 16
Mete Deyò nan Klas la. 16
Sispansyon Ki Fèt Anndan Lekòl la ak Sispansyon ki Pa Fèt Nan Lekòl la 16
Sispansyon Ki Fèt Anndan Lekòl la 17
Sispansyon Ki Pa Fèt Nan Lekòl la. 17
Sispansyon Pou Elèv Ki Nan Kindègadenn Pou Rive Nan Dezyèm Ane (PK-2). . 17
Sispansyon Ijans 17
Ekspilsyon 18
Ekspilsyon Diskresyonè ak Obligatwa. 18
Eksepsyon Ijans 19
Komite Odyans 19
Avi Pou Odyans ak Dwa Elèv ak Paran oswa Responsab Legal yo 19

Prezans nan Lekòl la, nan Transpò Eskolè ak Patisipasyon nan Aktivite Lekòl la Esponsorize Pandan Ekspilsyon an 20
Sa Ki Prevwa Nan Akò a. 20
Elèv ki gen Andikap 20
Konpòtman oswa Disiplin ki Apwopriye ak Laj Devlopman an 20
Move Konpòtman nan Espas ki Pa nan Lekòl la 21
Entimidasyon 21
Komite Pou Yon Anviwònman Eskolè Ki San Danje 22
Absans nan jou lekòl la san avètisman. 23
Kòd Vestimantè 23
Fason Elèv yo Itilize Aparèy Teknoloji Prive 24
Rechèch nan Aparèy Teknoloji Ki Se Pwopriyete Prive 25
Responsabilite pou Aparèy Teknoloji Ki Se Pwopriyete Prive. 25
Aksyon Disiplinè 25
Aksè ak Resous Teknoloji Komite a. 25
Domaj ki rive nan Resous Teknoloji Komite a 26
Elèv ki konsome Dwòg ak Alkòl. 26

SEKSYON 4
Sistèm ki baze sou Lekòl la 27
Reyaji ak Ensidan Konpòtmantal 27
Fason pou Jere Konpòtman nan Salklas la fas ak Fason pou Jere l nan Biwo . . 27
Mete Elèv la Deyò 27
Ekip ki la pou Kriz 28
Pwosedi pou Entèvansyon nan yon Kriz Ki Fèt San Vyolans 28
Sistèm Disiplinè Pwogresif 29
Evalyasyon Fonksyonèl Sou Konpòtman ak Plan Entèvansyon sou Konpòtman (Functional Behavior Assessment, FBA ak Behavior Intervention Plan, BIP)29
Egzanp sou Pwosedi Ranvwa pou yon Ensidan 29
Komite pou Prezans 30

SEKSYON 5
Ensidan Disiplinè. 30
Enfraksyon ki nan Nivo 1 30
Enfraksyon ki nan Nivo 2 32
Enfraksyon ki nan Nivo 3 34
Anèks 1 36
Anèks 2 37

Entwodiksyon

Vizyon Norwalk Public Schools

Norwalk Public Schools ap konstrui yon monn ki sanpatipri epi ki jis kote kote chak grenn elèv nan Norwalk prepare pou tout aspè nan lavi.

Kilti ak Klima nan Lekòl la

Tout elèv merite pou yo santi yo an sekirite ak valorize, se yon priyorite pou Norwalk Public Schools kreye yon lekòl ki gen kilti ak klima kote elèv yo kapab aprann nan yon anviwònman ki san danje. Pou asire nou chak lekòl nou yo kreye yon klima pozitif, favorab, san danje, ak sivil pou elèv, fanmi ak pèsonèl li mande aplikasyon ak ranfòsman yon fason konsistan nòm kominotè, valè, pratik ak politik ki ap travay pou sipòte yon kilti òganizasyonèl pozitif, sanpatipri, ak enklizif.

Rezilta nou ap atann pou Manyèl sou Entèvansyon ak Atant nan Konpòtman se yon klima ak kilti eskolè ki san danje epi ki sivil, li gen ladan l plizyè kalite mezi sipò ak pwoteksyon anviwònmantal ak sistemik ki amelyore kondisyon aprantisaj ak rezilta konpòtmantal pou tout elèv yo, li reponn ak bezwen sosyal ak emosyonèl elèv yo, ranfòse angajman elèv la, epi ede elèv yo devlope kapasite adaptasyon esansyèl pou sante ak reyalizasyon pèsonèl pandan tout lavi l.

Valè ak Kwayans

Se yon ansanm valè ak kwayans ki etabli ki pral gide aksyon tout anplwaye ki nan Komite Edikasyon Norwalk , yo bay sipò pou gen yon distri, klima eskolè ak kilti ki san danje epi ki gen respè, epi ki konsantre san kanpe sou rezilta pozitif pou elèv ak jèn ki nan Norwalk.

Nou valorize tout elèv ak ansanm elèv yo. Sa vle di nou ap trete chak elèv avèk diyite nan yon anviwònman ki fizikman, emosyonèlman ak entèlektyèlman san danje ak sekiritè; kote chak elèv ap jwenn sipò atravè yon ansèyman ak aprantisaj ki adapte ak kilti l; chak elèv ap gen relasyon pozitif ak sipò avèk adilt ki gen atansyon; chak elèv ap gen responsabilite atravè vwa l ak asyon l; epi n ap prepare chak elèv pou inivèsite, karyè, ak lavi sivik.

Potansyèl Elèv la

Nou bay aksè, opòtinite ak sipò konsa tout elèv yo kapab reyalize pwomès ak potansyèl yo.

Ekite

Nou asire nou pou chak elèv ki nan katye yo gen aksè, opòtinite, sipò ak ankourajman pou eksele nan tout aktivite y ap mennen kounye a ak alavni.

Ekselans

Nou fè tout efò nou pou atenn pi wo nivo ekselans pou lekòl, elèv, pèsonèl ak kominote nou yo.

Divèsite ak Enklizyon

Nou anbrase epi ankouraje yon kominote ki varye ak enklizif kote ki gen moun ki reprezante divès kalite orijin, eksperyans, ak pèspektiv.

Relasyon

Nou ankouraje kreyasyon lyen konstriktif pami elèv yo, ant elèvak edikatè yo, ak atravè tout kominote a.

Pèsonèl nou an

Nou sipòte tout pwofesè ak pèsonèl la atravè envestisman nan aprantisaj, nan devlope yon kilti pwofesyonèl ki baze sou konfyans, epi pandan nou ap selebre siksè.

Entegrite

Nou onèt, transparan, finansyèman responsab, epi nou angaje nou pou fè sa ki pi bon pou TOUT elèv, fanmi, ak kominote yo.

Kreyativite ak Inovasyon

Nou ap chèche nouvo solisyon pou prepare yon fason kreyatif ak fleksib TOUT elèv pou yon avni ki tout tan ap chanje.

Kontinye avèk devlopman an

Nou chèche amelyore nou atravè refleksyon ak nan iilizasyon disipline done ak prèv yo nan tout sa n ap fè.

SèvisKowòdone

Nou travay an kolaborasyon avèk fanmi ak patnè kominotè yo pou kowòdone opòtinite aprantisaj, eksperyans, ak soutyen global pou TOUT elèv yo.

Deklarasyon Entansyon

Norwalk Public Schools rekonèt sistèm disiplinè tradisyonèl pou konpòtman ki pa otorize pa anseye konpòtman ki dezire a, li pa repare domaj ki te fèt sou tout moun ki enplike yo, epi li pa gade pwoblèm ki pa anba ki ka mennen ak move konpòtman an premye plas.

Manyèl sou Entèvansyon ak Atant nan Konpòtman an se yon ansanm prensip, atant, epi/oswa règleman nou bay elèv ak paran yo pou asire nou kominike yon fason ki klè sou atant lekòl nan kesyon konpòtman. Lekòl yo responsab pou kreye yon anviwònman ki san danje epi ki estriktire ki pral favorize objektif lekòl la pou aprantisaj elèv yo. Manyèl konpòtmantal la di yon fason ki klè misyon ak valè ki gen nan lekòl la. Epitou, li endike kòman adilt yo ap founi epi fè respekte atant konpòtmantal ak entèvansyon pèsonèl la ap itilize pou sipòte elèv ki gen difikilte pou kenbe yon relasyon ki san danje.

Epitou, manyèl sou Entèvansyon ak Atant nan Konpòtman bay tout pèsonèl Norwalk Public Schools rekòmandasyon ki gen rapò ak priyorite nou genyen pou garanti TOUT elèv santi yo an sekirite ak valorize, nòm pou entèyaksyon pozitif ak sipò ant adilt ak elèv, ak responsabilite pou modelize ak fòme konpòtman elèv la nan lekòl ak nan kominote a.

Gid sa a se yon manyèl pou angajman pozitif ak pwoaktif elèv yo ak pou sipò konpòtmantal.

Objektif li se pou:

- Etabli yon sistèm sipò regilye pou bezwen siko-edikatif, sosyal, emosyonèl, ak konpòtmantal elèv yo; asire sipò sa yo bay yon fason regilye atravè distri a; epi asire pèsonèl lekòl la itilize repons pozitif ak pwoaktif pou bezwen elèv yo, espesyalman nan prezans yon konpòtman elèv ki pa koresponn avèk nòm, valè, pratik, règleman ak regilasyon kominote eskolè a etabli.
- Etabli solisyon ki regilye ak restoratif pou reponn ak konpòtman ki pa koresponn avèk nòm, valè, pratik, règleman ak regilasyon ki (1) apwopriye pou laj la, (2) ki jis, (3) ki trete pwoblèm pa anba ki ka mennen ak konsekans disiplinè, (4) anseye konpòtman nou ta swete a, (5) konsantre sou repare domaj, epi (6) fèt pou ede elèv, pèsonèl, ak fanmi yo travay ansanm pou ogmante pi plis angajman elèv la, kondisyon aprantisaj, ak rezilta yo.

Opòtinite Edikatif ki fèt San Diskriminasyon epi ki Sanpatipri

Komite Edikasyon Norwalk konfòme l ak tout lwa federal, lwa ki nan eta a ak lwa lokal ki aplikab ki entèdi eksklizyon nenpòt moun nan nenpòt pwogram oswa aktivite edikatif akoz ras, relijyon, koulè, orijin nasyonal, sèks, oryantasyon seksyèl, eta sivil, laj, andikap, gwosès, estati veteran, idantite oswa ekspresyon seksyèl, enfòmasyon jenetik, oswa sou nenpòt lòt baz lwa federal ak lwa nan eta a entèdi, sou rezèv kondisyon ak limitasyon lwa a etabli.

Nou re-egzamine ak revize Kòd Konduit Elèv sa a chak ane si li apwopriye epi/oswa nesesè .

Kisa Pou Ou Fè Lè Ou Gen Yon Enkyetid

Nechèl Referans

Si yon paran/gadyen gen yon kesyon oswa yon enkyetid konsènan pwogrè oswa byennèt timoun li a nan pwogram lekòl la, nou ankouraje ou swiv etap ki endike anba a. Enkyetid paran yo konsènan yon etidyan ki gen rapò ak anplwaye ansèyman yo ta dwe refere premye bay pwofesè a. Si enkyetid ou a pa satisfè ak satisfaksyon ou, tanpri swiv pwosedi ki endike anba a:

Pwofesè a

Le pli vit ke ou gen yon enkyetid, voye yon nòt, rele, oswa voye yon imèl bay pwofesè a pandan lè lekòl. Kite non ou, nimewo telefòn ou ak lè yo kapab jwenn ou. Tanpri swiv pwosedi sa a tou pou enkyetid konsènan pwogram ak/oswa sèvis espesyal yo. Pwofesè yo vle tande plis, pa mwens, paran yo. Majorite malantandi yo ka rezoud ak pwofesè a.

Konseye Lekòl la

Ou ta dwe kontakte Konseye Lekòl la anvan ou kontakte Direktè Lekòl la.

Asistan Direktè Lekòl la oswa Dwayen Etidyan yo

Si pwoblèm nan pa te rezoud ak satisfaksyon ou, voye yon nòt, rele, oswa voye yon imèl bay Asistan Direktè a.

Direktè Lekòl la

Si pwoblèm nan pa te rezoud toujou ak satisfaksyon ou, voye yon nòt, rele, oswa voye yon imèl bay Asistan Direktè a.

Biwo Santral

Si sa nesesè, direktè a ap dirije w bay anplwaye nan Biwo Santral Norwalk Public Schools [Lekòl Piblik Norwalk].

Sipèentandan an ak Konsèy Edikasyon an

Apre yon diskisyon apwopriye ak pèsonèl Biwo Santral la, desizyon yo kapab fè kontestasyon an premye bay Sipèentandan an ak finalman bay Konsèy Edikasyon an. Nenpòt kontestasyon bay Konsèy la ta dwe alekri ak siyen.

Si w gen kesyon oswa enkyetid konsènan yon pwofesè, tanpri kòmanse kontakte pwofesè a an premye. Si enkyetid ou a pa satisfè ak satisfaksyon ou, tanpri swiv pwosedi ki endike anba a:

1. Kontake Pwofesè a:
2. Lè sa a, kontakte Konseye Lekòl la, Dwayen an, oswa Travayè Sosyal la
3. Lè sa a, kontake Asistan Direktè Lekòl la
4. lè sa a, Direktè Lekòl la
5. lè sa a, Asistan Sipèentandan an
6. lè sa a, Sipèentandan an
7. ak dènye, Konsèy Edikasyon an

SEKSYON 1

Sa ki gen nan liv la

Dokiman sa a se yon gid ak manyèl pou aplikasyon pwogresif, disiplin restoratif pou tout pèsonèl ki nan Norwalk Public Schools. Manyèl sa a site diferan tip ensidan, sijere repons ki pou repare yo, epi sèlman si sa pa kapab evite, aksyon ki ap pèmèt nou retire elèv la nan anviwònman salklas la. Li fèt kòm yon entèpretasyon rezonab lwa federal ak lwa ki nan eta a ak politik distri a.

Gid sa a ka pa reponn ak tout sitiyasyon ki gen rapò ak konpòtman elèv la. Sepandan, dokiman sa a se yon liy direktris pou nou kapab mete sou pye pwogram ki rele "Prepare Tout Moun pou Lavni" ki se yon priyorite pou distri a, epi ki gen rapò ak Kilti ak Klima nan Lekòl la, epi li se youn nan twa objektif majè distri a ki gen objektif pou ogmante santiman sekirite ak valorizasyon elèv la nan lekòl la.

Responsabilite Pèsonèl Lekòl la ak Distri a

Li esansyèl pou tout anplwaye NPS BOE:

- Konprann lè li asire elèv nou yo santi yo pwoteje, an sekirite, ak valorize se youn (1) nan priyorite majè distri a.
- Konprann enpòtans pou li entèyaji avèk tout elèv yo avèk swen, etik, yon fason enklizif, san diskriminasyon, ak yon fason ki kiltirèlman sansib.
- Konprann Norwalk Public Schools p ap tolere okenn pratik ki ka konpwomèt vi prive elèv la epi/oswa gen yon enpak negatif sou byennèt fizik oswa emosyonèl ak sekirite elèv nou yo.
- Konprann atant nou genyen sou kesyon konpòtman ki etabli nan Manyèl pou Anplwaye NPS.
- Nou dwe konnen tout pratik pedagojik, ak pratik pou jesyon sal klas la ak jesyon konpòtman dwe:
    - o Konfòme ak priyorite distri nou an ki se asire elèv nou yo santi yo pwoteje, an sekirite ak valorize.
    - o Baze sou sous prèv ki valid pou detèmine efikasite yo.
    - o Administrasyon an dwe egzaminen l yon fason ki kòrèk epi apwouve l.
    - o Konfòme ak rekòmandasyon distri a ki mande pou entèyaji avèk elèv yo avèk swen, etik, yon fason enklizif, san diskriminasyon, ak yon fason ki kiltirèlman sansib.
    - o Konfòme ak Nòm Konduit ki pale sou konpòtman anplwaye ki ap entèyaji ak elèv yo dwe genyen.

Responsabilite Elèv la

Tout elèv yo gen responsabilite pou:

- Trete tout manm ki nan kominote eskolè a avèk respè ak diyite.
- Konprann epi aksepte Atant pou Konpòtman ak lòt regilasyon ak règleman rezonab administrasyon an, otorite ki nan lekòl la, pwofesè ak pèsonèl lekòl la etabli.
- Respekte dwa lòt elèv yo ansanm ak dwa pwofesè, administratè, lòt pèsonèl ki nan lekòl la ak envite ki nan lekòl la genyen.
- Respekte pwosesis edikatif ak anviwònman aprantisaj lan pandan li ap evite vini an reta, pa suiv kou, rate jou lekòl san avèti, epi pandan ou ap patisipe nan tout aktivite akademik ki gen nan lekòl la.
- Aji yon fason ki responsab ak rezonab jan li etabli nan nòm pou kominote eskolè a, nan valè, pratik, règleman ak regilasyon yo, pandan ou ap patisipe nan tout aktivite ki nan lekòl la oswa fonksyon ki gen rapò ak lekòl la.
- Prepare pou kou a, fè devwa yo epi fè travay ratrapaj yo alè.
- Pran inisyativ pou kominike epi pran enfòmasyon nan men pwofesè ki apwopriye a pou konnen kilè ak kòman travay nan klas la ap fèt, tankou kilè ou kapab fè egzamen ou rate pandan absans ou yo.

Responsabilite Paran

Tout paran yo gen responsabilite pou:

- Trete tout manm ki nan kominote eskolè a avèk respè ak diyite.
- Konprann règleman ak politik lekòl la epi egzaminen yo avèk timoun yo.
- Asire yo timoun yo ale lekòl yon fason ki regilye epi alè.
- Kenbe yon kominikasyon regilye avèk lekòl la konsènan konpòtman ak pwogrè timoun yo a.
- Konnen epi gen aksè ak tout dosye eskolè, medikal, ak sa ki menm jan yo pou timoun yo a.
- Enfòme, enstrui epi asiste timoun yo pou yo konpòte yo yon fason ki rezonab epi ki reponn ak nòm, valè, règleman ak regilasyon kominote eskolè a etabli, epi ki respekte dwa ak pwopriyete lòt moun jan li di nan Manyèl sa a.
- Fè direktè lekòl la oswa nenpòt moun ki deziyen konnen nenpòt bezwen ki gen rapò ak sipò akademik oswa konpòtmantal timoun lan genyen, epi kolabore avèk ekip ki nan lekòl la nan devlopman yon solisyon pozitif ak pwoaktif.
- Asiste epi patisipe nan nenpòt aktivite oswa konferans ki òganize nan avantaj timoun yo.

Responsabilite Administratè Lekòl la ak Pwofesè a

Anplis responsabilite pèsonèl lekòl la ak distri a ki site anwo a, administratè lekòl la ak pwofesè yo gen responsabilite sa yo:

- Trete tout manm ki nan kominote eskolè a avèk respè ak diyite.
- Konprann lwa ki gen nan eta a, politik distri a, regilasyon ak règleman lekòl la fikse nan Manyèl sou Entèvansyon ak Atant nan Konpòtman.
- Asire yo elèv ak paran yo enfòme yon fason ki apwopriye sou politik distri a, règleman lekòl la, regilasyon, ak dwa epi responsabilite elèv, paran, ak pèsonèl la genyen dapre Atant sou Konpòtman an, epi rekonèt elèv yo ka bezwen nou raple yo politik, règleman ak regilasyon sa yo.
- Kreye yon modèl epi kenbe nòm, valè, pratik ak politik ki reponn ak bezwen sosyal ak emosyonèl elèv la yon fason ki jis, regilye, pozitif, sanpatipri ak enklizif.
- Adopte metòd angajman ak sipò konpòtmantal pou elèv la ki pozitif, pwoaktif, reparatè ak pwogresif epi ki apwopriye pou devlopman an.
- Reponn ak bezwen sosyal, emosyonèl ak konpòtmantal elèv la, epi entèyaji avèk elèv ak fanmi yo yon fason ki sanpatipri, objektif, ak pwofesyonèl.
- Abòde epi rezoud konpòtman ki pa koresponn avèk nòm, valè, pratik, règleman ak regilasyon kominote eskolè a etabli yon fason ki pou repare, ki pwodiktif, ki pa gen pinisyon ak tout fason rezonab ki pa mande pou mete deyò nan lekòl la.
- Envite epi ankouraje patisipasyon, kolaborasyon ak kominikasyon fanmi a avèk lekòl la.
- Bay elèv la opòtinite pou fini tout devwa nan sal klas la li gen ladan l egzamen li rate akoz jou absans.
- Anplwaye pèsonèl pou sèvis espesyalize, konseye oryantasyon, pèsonèl sipò pou distri a epi/oswa ajans kominotè pou sipòte devlopman fizik, emosyonèl, koyitif, ak sosyal elèv la.
- Asire nou tout kominikasyon avèk fanmi yo tradui nan lang matènèl yo.
- Bay paran ak elèv yo opòtinite aprantisaj ki gen rapò ak atant konpòtmantmal epi ki reponn ak bezwen sosyal, emosyonèl ak konpòtmantal timoun yo a yon fason ki jis, regilye ak pozitif.
- Asire yon pwosedi regilye pandan ou ap konplete tout fòm ki prevwa pou dokiman sou ensidan konpòtmantal epi ki pa koresponn avèk nòm, valè, pratik, règleman ak regilasyon kominote eskolè jan lalwa ak Sistèm Norwalk Public Schools mande pou fè sa.

Kote Ensidan Konpòtmantal la fèt

Nan kad manyèl sa a, aksyon konpòtmantmal ki pa koresponn avèk nòm, valè, pratik, règleman ak regilasyon kominote eskolè a gen ladan l aksyon ki fèt:

- Nan yon bilding lekòl la oswa sou teren lekòl la pandan ou prale lekòl oswa pandan ou sou wout pou ale lekòl la, oswa pandan ou ap kite lekòl la epi ki rive pandan lè lekòl nòmal.
- Deyò lekòl la pandan aktivite lekòl la esponnsorize oswa pandan trajè pou vini oswa pou tounen sot nan lekòl la, oswa nan nenpòt aktivite lekòl la esponnsorize sou nenpòt fòm mwayen transpò eskolè li bay.
- Deyò teren lekòl la nan nenpòt moman si ensidan an te kòmanse nan lekòl la oswa sou teren lekòl la, epi si apre sa ki pase a nou te etabli lè elèv la retounen li te kontribiye dirèkteman nan yon aksyon ki pou deranje kominote eskolè a, li gen ladan l men li pa limite ak entènèt ak platfòm rezo sosyal yo.
- Deyò teren lekòl la (li gen ladan l platfòm rezo sosyal yo) ak pandan lè ki pa gen lekòl si apre sa ki pase a nou te etabli lè elèv la tounen li kapab lakòz oswa kontribiye nan deranje lekòl la oswa pwosesis edikatif la. Aksyon sa yo dwe grav anpil, tankou ensidan ki gen rapò ak zam, ensidan ki gen rapò ak medikaman, oswa krim ki mache ak yon konpòtman vyolan tankou agresyon, vòl, oswa ensidan seksyèl. Ensidan sa yo gen ladan l posesyon yon zam oswa zam ki nan yon yon krim ki fèt, epi lavant oswa distribisyon sibstans ki kontwole.

Si elèv yo angaje nan yon konpòtman ki pa koresponn avèk nòm, valè, pratik, règleman ak regilasyon kominote eskolè a pandan yo nan nenpòt lekòl Norwalk oswa sou nenpòt teren lekòl la, pandan yon ti tan anvan, oswa yon ti tan apre lè lekòl nòmal, yon konsekans disiplinè ap aplike nan lekòl yo frekante regilyèman.

Tèm "lè lekòl nòmal" gen ladan l moman jounen an kote elèv yo ap pratike oswa angaje nan aktivite ki pa fèt nan kad eskolè (ekstraskolè) ak pandan yo nan bis lekòl la. Pa egzanp, si tout lòt elèv yo kite bilding lan nòmalman a 4:00 pm men a 5:00 p.m apre antrènman an gen yon manm ekip atletis la ki kase yon kazye, li ap rantre nan kad Atant Konpòtmantal lan.

Kolaborasyon avèk Depatman Polis Norwalk ak Ajan pou Resous Eskolè yo

Nan lide pou kreye yon anviwònman aprantisaj pozitif, favorab, sekiritè, ak sivil pou elèv nan Norwalk Public Schools, nou prevwa se pèsonèl responsab ki nan Norwalk Public Schools ki dwe itilize Manyèl sou Atant Konpòtmantal. Li enpòtan anpil pou nou minimize arestasyon ki fèt nan milye eskolè a pou etabli yon anviwònman aprantisaj ki pozitif, favorab, sekiritè ak sivil pou elèv Norwalk Public Schools. Pou rezon sa a, Norwalk Public Schools ak Depatman Polis Norwalk etabli yon **Pwotokòl Antant (Memorandum of Understanding, MOU)** ki dekri wòl ak responsabilite pèsonèl eskolè ak ajan lapolis pou reponn ak pwoblèm ki pa ijan yo elèv yo. Se Direktè a ak Chèf lapolis la ki te siyen Pwotokòl Antant sa a nan mwa novanm 2015. Pwotokòl antant sa a kreye yon akò ki defini yon fason ki klè enplikasyon fòs lòd kòm yon dènye rekou nan aksyon disiplinè lekòl la.

Pwotokòl Antant sa a te pèmèt nou diminye avèk siksè kantite arestasyon ki fèt sou elèv Norwalk Public Schools, espesyalman pou ensidan ki pa gen yon gwo nivo, epi ki ta dwe trete atravè entèvansyon ak soutyen endividyèl pou elèv la, men se pa atravè entèvansyon lapolis. Gras ak Pwotokòl Antant sa a nou mete sou pye kantite arestayon ki fèt nan milye eskolè a diminye anpil. Pwotokòl Antant (MOU) mande pou respekte pwen sa yo:

- Kreyasyon yon ekip kolaborasyon lekòl-polis, Depatman pou Timoun, Jenn, Fanmi, ak Lwazi nan Norwalk ap fasilite, pèsonèl NPS, pèsonèl NPD, pèsonèl sekirite NPS ak tout pèsonèl ki apwopriye ki reyini regilyèman pou egzaminen Pwotokòl Antant yo mete sou pye a;
- Fòmasyon pwofesyonèl pou pèsonèl lekòl la ansanm ak ajan lapolis sou Pwotokòl Antant lan ak sou fason ki kòrèk pou administre sanksyon disiplinè yo;
- Mete sou pye yon modèl repons ki fèt piti piti;
- Kolekte done epi egzaminen mekanis pou egzaminen arestasyon ki fèt nan milye eskolè yo.

Pèsonèl Sekirite Norwalk Public Schools jwe yon wòl esansyèl nan kontwole fason y ap mete sou pye Pwotokòl Antant lan ak yon modèl repons ki fèt piti piti. Pèsonèl ki nan biwo santral la, administratè oswa ajan sekirite ki nan lekòl la kapab inisye nenpòt entèvansyon fòs lòd yo konsènan yon ensidan ki konsène yon elèv, epi pèsonèl NPS la pa konsidere l kòm yon ijans nan nenpòt etablisman NPS.

Pou w kapab jwenn tout dokiman an, ale sou lyen sa a: 911 Protocols, Minimal Facts, MOU.pdf

Kesyon Lapolis Poze Elèv yo

Seyans kote lapolis ap poze elèv yo ap fèt nan respè estrik dwa konstisyonèl elèv la genyen pou li rete an silans. Se lapolis nan kad pwosedi pèmanan yo ki bay elèv yo dwa sa yo. Pandan seyans kote y ap poze kesyon yo paran ak direktè a oswa reprezantan l ap prezan epi y ap kenbe yon rapò pwosedi a.

1. Ensidan ki pase sou lakou lekòl la: Seyans kesyon kote Moun ki Depoze Plent lan ak Temwen yo se minè

a. Si yon direktè mande lapolis pou fè yon envestigasyon sou yon ensidan ki pase nan lakou lekòl la, li dwe avèti byen rapid paran oswa responsab legal elèv ki depoze plent lan epi/oswa temwen yo pou fè yo konnen yo mande lapolis pou pran deklarasyon nan men timoun yo an, epi envite paran oswa responsab legal la pou li prezan. si paran an oswa responsab legal la pa kapab prezan, nou dwe ranvwaye seyans kote nou ap poze kesyon an. Paran oswa responsab legal la gen dwa pou li refize bay otorizasyon pou lapolis poze yon timoun ki minè kesyon.

b. Seyans Kote y ap Poze Moun Ki Sispè a Kesyon: Lè lapolis idantifye yon elèv kòm yon sispè epi li ta renmen poze elèv la kesyon, direktè a dwe avèti paran oswa responsab legal la elèv la epi mande l pou li prezan pandan syans kote y ap poze l kesyon an. (1) Si ankèt la ap fèt sou kesyon sekirite piblik ki mande pou gen yon ankèt rapid ki fèt epi nou pa kapab jwenn paran oswa responsab legal la oswa yo pa kapab prezan, alò direktè oswa reprezantan l dwe prezan pandan seyans kote y ap poze kesyon an epi aji nan pi bon enterè elèv la. (2) Si ankèt la ap fèt sou ensidan ki pa enplike kesyon sekirite piblik, nou dwe repòte seyans kote y ap poze elèv la kesyon jiskaske paran oswa responsab legal la prezan.

2. Ensidan nan Kominote a: Seyans kote y ap poze elèv la kesyon sou ensidan ki rive nan kominote a p ap fèt nòmalman anndan lekòl la, sof si se yon kesyon sekirite piblik ak enterè kominotè, nan ka sa yo n ap suiv pwosedi ki nan Seksyon 1.b(1).

3. Arestasyon sou lakou lekòl la: Si lapolis arete yon elèv anndan lekòl la, direktè a ap avèti paran yo. Depatman Lapolis la ka soti anndan lekòl la avèk yon elèv yo arete. Direktè a dwe avèti paran oswa responsab legal la. Referans pou Estati: Estati Jeneral Connecticut 10-154a;10-221;10-233d Politik Adpte: 11 septanm 1997

SEKSYON 2

Kreye epi Kenbe yon Lekòl Ki San Danje

Norwalk Public Schools kenbe objektif li genyen pou li ofri yon klima ak yon kilti ki san danje epi ki sivil pandan li ap etabli yon kontinyòm pou pwoteksyon anviwònmantal ak sistemik ki amelyore kondisyon aprantisaj ak rezilta konpòtmantal pou tout elèv, ranfòse angajman elèv la, epi ede elèv yo devlope kapasite adaptasyon esansyèl pou sante ak reyalizasyon pèsonèl pandan tout lavi. Kontinyòm sa a fèt pou asire aplikasyon atant ak polik konpòtmantal yo fèt yon fason ki jis atravè pratik sistematik ak efikas ki fè prèv yo nou ap mete sou pye, epi ki fòme konpòtman elèv ak adilt yo atravè rediksyon risk, prevansyon, entèvansyon ki fèt bonè, entèvansyon endividyèl pou elèv la, ak sipò terapetik. Kontinyòm sa a konsantre l sou modelizasyon, ansèyman, ak sipò pou elèv yo pou yo aprann epi konnen nòm pou atant konpòtmantal Norwalk Public Schools etabli yo. Kontinyòm sa a reprezante yon chanjman kote nou soti nan yon apwòch tradisyonèl pou sanksyon disiplinè ki baze sou eksklizyon ak pinisyon pou nou ale nan yon apwòch pwogresif ak reparatè ki etabli previzibilite, sekirite, ak konsistans, epi ki fèt pou ankouraje konpòtman pozitif, reyoryante, epi ki ranplase konpòtman ki pa byen adapte yo.

Gen rechèch ki montre eksklizyon ak pinisyon pa efikas pou redui sou yon peryòd ki long konpòtman ki pa reponn ak nòm pou konduit kominotè yo. Epitou, rechèch yo montre lekòl ki gen yon anviwònman ki san danje epi ki favorab pou aprantisaj bay pi bon rezilta eskolè, konpòtmantal, ak sosyal pou tout elèv yo. Premye reyaksyon yon manm pèsonèl la ta dwe genyen se itilize ensidan sou konpòtman an kòm yon moman ansèyman pou ede elèv la rezoud pwoblèm la epi pran yon konpòtman ranplasman ki reponn ak nòm kondui nou swete yo epi ki etabli nan Norwalk Public Schools. Itilize opòtinite a pou montre l egzanp, enstrui, ak fòme konpòtman nou ta renmen l genyen an, se yon metòd ki fyab ak efikas pou chanje konpòtman elèv yo.

Entèvansyon ak Sipò pou Konpòtman Pozitif (PBIS)

Norwalk Public Schools ap defann Entanvansyon ak Sipò Pozitif pou Konpòtman Pozitif ki favorize kominikasyon, kolaborasyon, ak koneksyon ant adilt ki atantif ak elèv yo. Sa nou konnen se enkonpreyansyon ki souvan mennen ak ensidan kote ki pa gen respè, dezobeyisans ak yon otorite, opozisyon ak agresyon yo diminye ak elimine lè gen pwofesyonèl ki atantif:

- Etabli kominikasyon ki ouvè, kolaborasyon ak koneksyon avèk elèv yo.
- Reyaji ak konpòtman elèv yo – li gen ladan l elèv ki ap fè yon kriz – avèk enstriksyon oswa koreksyon atravè yon apwòch ki pou sipòte l epi ki pa gen jijman.
- Montre egzanp lan ak kisa li sanble pandan ou ap trete moun avèk swen ak diyite.
- Enfliyanse epi fòme konpòtman timoun ak jenn moun yo yon fason pozitif epi ki ap sipòte yo.
- Adopte yon apwòch ki pa gen konfwontasyon nan fason nou ap jere sal klas la ki epi jere l yon fason efikas avèk resous nan tan ak enèji.
- Kad konpòtmantal la aplike nan twa (3) nivo ki gen ladan l eleman sa yo:
    - o Nivo 1: Premye Prevansyon- Nivo Inivèsèl (tout elèv yo)
    - o Nivo 2: Dezyèm Prevansyon- Gwoup elèv ki espesyalize
    - o Nivo 3: Twazyèm Prevansyon- Entèvansyon Endividyèl ki Sible

Pou jwenn plis enfòmasyon sou PBIS, tanpri ale sou www.pbis.org.

Entèvansyon ak Sipò Pozitif pou Konpòtman Kad sa a aplike nan yon apwòch ki gen twa (3) nivo



Pratik ak Apwòch Reparatè epi ki baze sou twomatis

Pratik ak Apwòch Reparatè epi ki baze sou twomatis la ki santre sou gerizon, responsabilite, reparasyon relasyon, retablisman kominote, ak kreyasyon yon klima ak yon kilti pozitif, san danje, ak sivil pou elèv, fanmi ak pèsonèl yo atravè mwayen sa yo:

- Konstrui relasyon
- Anseye abitid pou lespri
- Kiltive yon kilti enklisif
- Responsabilite Kominotè
- Sipòte restitisyon ant moun ki te sibi domaj yo ak moun ki lakòz domaj yo.

Responsabilite Enstriktif

Pèsonèl lekòl la ap itilize repons enstriktif yo lè yon elèv demontre yon konpòtman ki pa koresponn avèk nòm, valè, pratik, règleman ak regilasyon kominote eskolè a, epi ki kapab rive akòz yon mank konesans oswa mank konpreyansyon atant yo. Pou nou kapab jis, si yon elèv pa konnen oswa pa konprann atant ki gen rapò ak nòm, valè, pratik, règleman ak regilasyon kominote eskolè a, li pa kapab suiv yo. Repons enstriktif yo reprezante yon chanjman fondamantal kote nou soti nan apwòch ki baze sou eksklizyon ak pinisyon pou nou ale nan yon apwòch ki demontre jistis, ekite ak enklizyon paske yo fèt pou anseye elèv yo atant konpòtmantal ak konpetans yo bezwen pou yo yo kapab reponn ak atant sa yo. Repons enstriktif ki ka jenere rezilta pozitif yo gen ladan l:

- Ede elèv la abòde pwoblèm ki pa anba yo ki ka mennen ak ensidan an premye.
- Ede elèv la konsantre l sou reparasyon domaj pou tout pati ki enplike yo, li ladan l tou.
- Dekri konpòtman ki pa akseptab la bay elèv la pandan ou ap sijere l konpòtman ranplasman ki apwopriye.
- Anseye oswa anseye l ankò atant konpòtmantal epi/oswa repons nou ta swete li genyen an.
- Anseye konpòtman ranplasman ki pa konpatib avèk konpòtman nou pa swete li genyen an.
- Pèmèt elèv yo pratike atant yo (jwèt wòl).
- Pèmèt elèv yo obsève modèl epi/oswa repons pou konpòtman ranplasman.
- Ankouraje epi sipòte elèv la pou li vèbalize sou fason konpòtman an afekte lòt moun yon fason negatif.

- Angaje elèv la nan yon dyalòg sou fason li te kapab fè yon pi bon chwa epi poukisa.
- Ede elèv la ekri yon objektif pèsonèl ki ap pèmèt li amelyore aksyon li yo.
- Montre elèv la li kapab reyalize objektif pou konpòtman li yo.
- Ranfòse yon fason pozitif konpòtman ki gen rapò ak objektif elèv la.

Responsabilite Korektif

Pèsonèl lekòl la ap itilize repons koretif yo lè gen yon elèv ki konnen epi konprann atant yo men nan moman an li pran yon konpòtman ki pa koresponn avèk nòm, valè, pratik, règleman ak regilasyon estati kominotè eskolè a etabli. Pou nou kapab jis, elèv yo dwe gen posibilite pou korije konpòtman ki pa koresponn avèk atant ki etabli gras ak sipò pèsonèl lekòl la epi ki fèt san yo pa fè okenn jijman. Repons korektif yo bay elèv yo opòtinite pou yo konsidere, repanse, ak ranplase konpòtman ki pa reponn ak nòm, valè, pratik, règleman ak regilasyon estati kominotè eskolè a etabli.

Itilize yon apwòch pozitif, ki ap sipòte, ki pa pote jijman epi ki reparatè pou anseye atant ki gen rapò ak nòm, valè, pratik, règleman ak regilasyon kominotè eskolè a, epi lè nou abòde konpòtman ki pa koresponn avèk atant yo li ap diminye enkonpreyansyon, konfli, ak konbativite. Prensip Fondamantal pou Metòd Reparatè a baze sou twomatis ki pèmèt adilt yo jwenn konpetans nesesè pou reponn ak entèvni yon fason pozitif lè yo rankontre konpòtman ki pa koresponn avèk atant ki etabli yo epi ki ka maledve, pwovokatè, tèti, epi/oswa agresif.

Prensip debaz sa yo baze sou konpreyansyon ki fèt sou plizyè ka elèv ki montre yon konpòtman ki maledve, pwovokatè, tèti, epi/oswa agresif, oswa ki ap viv sitiyasyon lè yo pa nan lekòl la ki deklanche modèl konpòtman ki pa koresponn avèk anviwònman lekòl la.

Repons korektif yo gen ladan l rapèl, reoryantasyon, mete sou plas endis entansyonèl, ak anseye diferan repons konpòtmantal. Youn nan bagay ki pi enpòtan pou kenbe nan lespri nou se lè nou ap reponn ak yon move konpòtman nou dwe abòde konpòtman an pi vit posib. Lè konpòtman timoun yo gaye, yo bezwen entèvansyon yon adilt byen rapid pou ede yo kanpe moman sa a epi retounen sou bon wout la. Adilt yo souvan kite ti move konpòtman yo pase, yo rete tann anvan yo abòde yo jiskaske li vin pi difisil pou korije yo.

Pifò manm pèsonèl la itilize repons enstriktif ak korektif regilyèman, konsa yo ka deja abitye avèk anpil nan yo. Pou minimize repons korektif yo pwofesè yo dwe itilize opòtinite pou siveyans yo pou angaje elèv yo nan konvèsasyon pozitif epi konstrui relasyon ki ap kontiye. Lè nou itilize konsekans korektif ak enstriktif olye nou reponn yon fason ki pou pini ap ogmante chans pou kreye yon klima sekiritè, ki favorab epi ki pwodiktif. Men kèk egzanp repons korektif:

- Endis vizyèl:tablo ankraj nan sal klas la, yon rega dirèk epi ki pa pran anpil tan nan zye elèv la, dwèt sou bouch, pwofesè a souvan rete pwòch.
- Endis vèbal: di non timoun lan apresa di demann lan.
- Pèsonèl la souvan ap mache: Pafwa sèl sa ki nesesè pou retabli yon konpòtman ki pozitif se pou pwofesè a deplase pou li vin bò kote yon elèv.

Pou jwenn plis enfòmasyon ak estrateji, ale sou:
http://www.interventioncentral.org/behavioral-intervention-modification

Repons Korektif Nan Lekòl Elemantè

- Endis vizyèl: tablo ankraj nan sal klas la, yon rega dirèk epi ki pa pran anpil tan nan zye elèv la, dwèt sou bouch, pwofesè a souvan rete pwòch.
- Langaj rapèl la fonksyone pi byen lè yon elèv fèk kòmanse ap pran yon move konpòtman—li ouvè yon liv olye li pran materyèl pou matematik oswa li kòmanse ap lonje men l pou pran kreyon ble a nan men yon kamarad. Sepandan, si, timoun lan byen angaje l nan move konpòtman an, sonje langaj rapèl la pèdi efikasite l. Nan nivo sa a, li nesesè pou fè redireksyon an yon fason ki klè: “Sonya, mete liv ou a la kounye a epi mete materyèl pou matematik la deyò.” “Dante, chwazi yon lòt koulè. Se tou pa Ellen pou li itilize kreyon ble a."
- Fè timoun lan vin pi pre w olye ou al jwenn li se yon lòt opsyon. Pa egzanp, Daren vire tounen epi li kòmanse ap manyen bagay ki gen sou etajè a pandan reyinyon maten an. Elèv nan klas la te aprann règ ki gen pou reyinyon an, epi yo konnen tou pwofesè a kapab vin kote yo pou chanje yo plas si yo kòmanse ap gen move konpòtman. Yon senp, “Darren, vin chita bò kote m”, fè Darren vin bò kote pwofesè l nan sèk la epi li retounen konsantre l sou kamarad li yo san li pa deranje rit reyinyon an.
- Mache souvan: Pafwa sèl sa ki nesesè pou retabli yon konpòtman ki pozitif se pou pwofesè a deplase pou li vin bò kote yon timoun. Pa egzanp, si yo te montre timoun lan kòman pou li chita an sekirite sou yon chèz epi Maria fèk kòmanse ap kage chèz la pa dèyè pandan y ap bay enstriksyon dirèk, deplase sèlman pou kanpe bò kote Maria kapab vle di “Chita an Sekirite” san ou pa atire atansyon Maria twòp san ou pa deranje lòt timoun yo. Depi Maria chita an sekirite, pwofesè a ki rete bò kote l pandan yon ti tan ede timoun lan konprann li dwe kontinye chita an sekirite.

Repons Korektif pou Lekòl Entèmedyè ak Sekondè

- Endis vèbal: di non timoun lan apresa di demann lan. Langaj rapèl la kapab efektif anpil tou: “Sonya, kisa ou ta dwe fè kounye a?” “Dante, kisa règleman nou yo di konsènan pataje materyèl?”
- Konsekans lojik: Konsekans lojik yo se yon lòt estrateji pwofesè yo kapab itilize pou kanpe yon move konpòtman pandan y ap ede timoun yo wè epi pran responsabilite yo pou efè aksyon yo. Konsekans lojik yo diferan ak pinisyon yo paske kontrèman ak pinisyon an konsekans lojik yo parèt pi apwopriye (yo gen rapò dirèk avèk move konpòtman an) reyalis (yon bagay nou kapab atann pou timoun lan fè yon fason ki rezonab epi pwofesè a kapab jere l avèk yon kantite efò ki rezonab) epi ki gen respè (kominike avèk jantiyès epi konsantre sou move konpòtman timoun lan men li pa konsantre sou karaktè oswa pèsonalite timoun lan). Pa egzanp, Tamika ap fè gribouyaj sou biwo l. Fè li netwaye biwo l la se t ap yon konsekans ki apwopriye, reyalis, epi ki gen respè. Fè li rate rekreyasyon an pa t gen yon enpak. Fè li netwaye tout biwo ki nan sal klas la apre lekòl la t ap yon kantite travay ki pa t ap reyalis, epi lòt biwo ki sal yo pa gen rapò ak erè Tamika fè a. Di l, “Ou maledve anpil—se sèl tèt ou ki enterese w!” se yon atak kote ou manke karaktè l respè.
- Rantre ak sòti enfòmèl: (Mande otorizasyon paran an anvan pou aranjman sa a) Mete sou pye yon entèyaksyon regilye ant elèv ak yon manm pèsonèl elèv la gen yon relasyon pozitif. Itilize entèyaksyon an pou ranfòse atant konpòtmantal espesifik la epi korije nenpòt konpòtman ki pa apwopriye.
- Refere elèv la pou lòt sèvis: Refere l bay yon travayè sosyal, konseye, oswa yon patnè kominotè pou li kapab jwenn ki sèvis la pou ede l fè fas ak sitiyasyon an, amelyore konpetans li nan kominikasyon, oswa jere kòlè l.

Pou jwenn plis enfòmasyon ak estrateji, ale sou:
http://www.interventioncentral.org/behavioral-intervention-modification

Pratik Reparatè

Norwalk Public Schools adopte yon apwòch ak yon filozofi reparatè pou disiplin la. Estrateji reparatè yo se fason nou panse epi reponn ak konfli ak pwoblèm yo pandan nou ap enplike tout patisipan yo nan idantifye kisa ki te pase, dekri kòman li te afekte tout moun, epi jwenn yon solisyon pou nou kapab fè bagay yo byen. Pratik reparatè yo enplike plis pase rezolisyon konfli, reparasyon ak gerizon pou domaj yo. Pratik reparatè yo mande yon nouvo modèl. Li mande pou gen aksyon ki byen reflechi, pou konstrui relasyon ki gen respè epi rive nan kreyasyon yon kominote konpatisan, ki gen atansyon epi ki ini. Sal klas la se pi bon kote pou devlope konpetans pandan nou ap etabli relasyon avèk kominote ki soti diferan kote epi ki gen pèspektiv diferan.

Norwalk Public Schools mete sou pye yon fason ofisyèl Pratik Reparatè yo, epi li angaje l pou asire l tout elèv yo anseye timoun yo avèk apwòch sa a. Norwalk devlope kad pou Pratik Reparatè yo pandan li ap itilize pi bon pratik ak pwosedi ki soti nan diferan modèl yo. Kad la aliyen avèk modèl pou Sistèm Sipò Ki Gen Plizyè Nivo (Multi-Tiered Systems of Supports , MTSS), apwòch pou Rechèch ak Entèvansyon Ki Fèt Sou Yon Baz Syantifik (Scientifically Based Research and Interventions, SRBI) ak Entèvansyon ak Sipò pou Konpòtman Pozitif (Positive Behavioral Interventions and Supports, PBIS). Nivo 1 an gen ladan l sipò inivèsèl tankou itilizasyon sèk yo, kontinyòm entèvansyon reparatè, elatriye. Nivo 2 a gen ladan l gwoup konferans pou rezolisyon konfli, epi Nivo 3 a gen ladan l konferans kominotè pou ka ki pi grav yo.

Yon apwòch reparatè pou disiplin chanje kesyon fondamantal yo poze lè gen yon ensidan sou konpòtman ki parèt. Olye pou poze kesyon sou kiyès ki antò ak kòman nou pral pini moun ki angaje moun ki angaje nan move konpòtman sa a, nan yon pratik reparatè nou poze kat (4) kesyon prensipal sa yo:

- Kisa ki te pase?
- Kiyès ki gen domaj oswa afekte akoz konpòtman an?
- Kisa ki dwe fèt pou repare sa ki te fèt la?
- Kòman moun yo kapab konpòte yo ypn fason diferan alavni?

Glosè pou Pratik Reparatè

Pwosesis Sèk la: Itilizasyon sèk reparatè nan kad yon pwogram ansèyman nan yon lekòl se yon estrateji prevansyon ak entèvansyon ki enpòtan anpil. Pwosesis sèk la pèmèt yon gwoup kreye relasyon, etabli konpreyansyon ak konfyans, kreye yon santiman kominote, aprann kòman pou pran desizyon ansanm, devlope akò ki ap bon pou tout moun, rezoud pwoblèm ki difisil yo, epi abòde lòt pwoblèm ki ka parèt.

Elèv yo se pi gwo gwoup ki ap patisipe nan yon kominote eskolè epi li se pi gwo resous pou kreye epi kenbe yon anviwònman eskolè ki san danje epi ki favorab. Kreye kominote ant elèv yo ak pami elèv, fanmi yo, ak manm pèsonèl la se yon pati enpòtan nan kreyasyon yon kilti eskolè ki enklizif ak favorab. Lè elèv yo santi yo aksepte l, valorize l, respekte l, epi li enkli, yo kreye yon lyen pozitiif avèk lekòl la epi li favorize rezilyans.

Sèk Konstriksyon Kominotè yo konsantre sou:

- **Sekirite ak Konfyans.** Manm kominote a bezwen yon santiman sekirite ak konfyans pou yo kreye lyen youn ak lòt.
- **Onè.** Manm yo entèyaji avèk ekite ak entegrite epi yo rekonèt responsabilite pèsonèl pou aksyon yo.
- **Ouvèti.** Manm kominote a santi yo alèz pou pataje sa yo panse ak sa yo santi.
- **Respè.** Pou kreye lyen kòm yon kominote, manm yo dwe santi yo valorize epi yo respekte yo kòm moun, epi yo dwe reponn youn lòt avèk respè.
- **Responsabilizasyon.** Yon sans responsabilizasyon se yon eleman enpòtan ak rezilta lè yon moun se manm yon kominote. Sipò kominotè a pèmèt manm yo wè tèt yo yon nouvo fason epi gen yon nouvo santiman konfyans nan kapasite yo.

Lè nou itilize yo kòm mezi entèvansyon pou abòde pwoblèm konpòtman ki pa apwopriye yon elèv genyen, manm ki nan sèk responsabilizasyon reparatè yo pèmèt manm kominote a pran responsabilite l pou byennèt lòt moun yo; prevwa oswa jere konfli yo anvan yo ogmante; abòde faktè ki pa anba ki mennen jenn lan angaje l nan konpòtman ki pa apwopriye a ak kreye rezilyans; ogmante konpetans pro-sosyal pou

patisipan, espesyalman pou moun ki lakòz lòt moun yo sibi domaj; epi bay moun ki antò yo okazyon pou repare tò yo lakòz la nan limit ki posib la. Nou kapab itilize sèk la kòm repons pou yon pwoblèm patikilye ki afekte kominote eskolè a.

Negosyasyon Kolaboratif: Lè nou itilize pwosesis negosyasyon kolaboratif la li pèmèt yon moun pale sou pwoblèm oswa konfli a dirèkteman avèk moun li pa t dakò a pou rive jwenn yon rezolisyon kote tout moun satisfè. Fòmasyon pou negosyasyon kolaboratif la gen ladan l aprantisaj pou tande yon fason aktif ak konpetans kominikasyon pou rezolisyon konfli.

Medyasyon Ant Kamarad: Yon medyatè ki pa gen patipri, yon twazyèm pati (pèsonèl nan lekòl la) ap fasilite pwosesis negosyasyon ant pati ki gen konfli yo, konsa yo kapab jwenn yon rezolisyon kote tout moun satisfè. Medyasyon an rekonèt opinyon pati ki nan konfli a valab, epi li ede moun ki nan konfli a jwenn yon solisyon ki reponn ak bezwen toulède. Moun ki nan konfli yo dwe chwazi itilize medyasyon an epi angaje nan pwosesis la ak pwòp volonte yo. Nou pa itilize medyasyon an lè gen yon moun ki viktim nan men yon lòt moun (pa egzanp nan ka kote gen tizonnay oswa entimidasyon) akoz yon dezekilib nan pouvwa a.

Konferans Reparatè Fòmèl: Se yon pèsonèl nan lekòl la ki òganize konferans lan pou reyini ansanm moun ki rekonèt yo te lakòz domaj ak moun ki te sibi domaj yo. Kèlkeswa sikonstans yo, sante mantal ak fizik, sekirite, ak byennèt moun ki sibi domaj la gen yon enpòtans kapital lè nou konsidere opsyon sa a nan etablisman eskolè a. Toulède pati yo ka vini ak moun ensidan an te afekte tou. Objektif konferans lan se pèmèt moun ki lakòz domaj la ak moun ki sibi domaj la konprann pèspektiv youn lòt epi jwenn yon akò youn ak lòt ki ap pèmèt repare domaj la nan mezi kote li kapab repare. Nou ka itilize yon konferans reparatè fòmèl kòm yon entèvansyon ki fèt ansanm avèk yon aksyon disiplinè (pa egzanp, elèv la patisipe nan yon konferans reparatè fòmèl ansanm avèk ranvwa yon pwofesè oswa sispansyon yon direktè oswa sipèentandan) oswa nou ka itilize l kòm yon entèvansyon disiplinè pou abòde yon move konpòtman ki pa mande ranvwa oswa sispansyon yon pwofesè. Nou pa dwe fè konferans sa a lè nou remake gen yon dezekilib pouvwa ant elèv ki ap patisipe yo.

Sèk pou di Byenvini Ankò (Reyinyon pou Rantre): Yon sèk byenvini ankò se yon pwosesis ki fèt pou di yon elèv byenvini yon fason fòmèl lè li retounen ankò nan kominote eskolè a, epi etabli yon sistèm sipò pou elèv la (tankou relasyon ak resous ki enpòtan). Elèv ki retounen an ak lòt patisipan ki nan sèk la (pa egzanp pèsonèl lekòl la ak paran yo) pran angajman sou fason yo ap favorize yon retou ki fèt yon fason ki swa, epi abòde sikonstans endividyèl oswa kominotè ki te kontribiye pou evènman sispansyon an. Reyinyon an bay elèv yo yon espas pou eksprime yo, tande pèspektiv youn lòt yon fason ki aktif, epi kreye yon santiman kominotè. Pratik sa a ede kreye yon kilti eskolè ki fò kote elèv, pèsonèl, ak moun ki nan kominote yo kapab jwenn moun yo kapab konte, epi yo kapab vin jwenn si yo gen bezwen an. Nou ka itilize yon sèk pou di byenvini ankò kòm yon entèvansyon ki fèt ansanm avèk yon aksyon disiplinè (pa egzanp, elèv la patisipe nan sèk pou di byenvini ankò ansanm avèk ranvwa yon pwofesè oswa sispansyon yon direktè oswa sipèentandan).

Sipò ak Entèvansyon

Sipò ak entèvansyon gen yon pati enpòtan nan repons global pou reponn ak move konpòtman. Lekòl yo gen obligasyon pou yo bay epi dokimante sipò ak entèvansyon yo nan tout nivo pwosesis disiplinè a, li gen ladan l sa ki la pandan sispansyon an. Lè nou itilize yo yon fason ki regilye ak apwopriye, entèvansyon yo ede amelyore konpòtman elèv la, diminye kantite ka move konpòtman ki ap repete, epi kontribiye pou gen yon anviwònman eskolè ki pi pozitif. Sipò yo ka gen ladan l nenpòt entèvansyon ki pi byen reponn ak bezwen elèv la.

Dokiman Obligatwa

Nou dwe dokimante tout ensidan, entèvansyon, sipò ak aksyon disiplinè nan PowerSchool pou tout pati ki enplike yo, lè li apwopriye, menm si gen yon aksyon disiplinè ki pou fèt oswa ki pa bezwen fèt. Dokiman pou sipò ak entèvansyon yo obligatwa pou tout ensidan ki enplike yon sanksyon disiplinè.

Glosè pou Sipò ak Entèvansyon nan Lòd Alfabetik:

Rezoud Pwoblèm la Yon Fason Kolaboratif: Lè gen yon elèv ki gen yon konpòtman difisil, yon manm pèsonèl ki fòme pou sa kapab itilize pwosesis kolaboratif la pou rezoud pwoblèm la pou idantifye pwoblèm espesifik ki te pouse konpòtman sa a, pale sou pwoblèm adilt yo genyen ak konpòtman an, angaje elèv la nan yon pwosesis kolaboratif pou abòde rezon ki pa anba ki lakòz konpòtman an, epi deside yon plan aksyon ki alafwa reyalis epi ki akseptab pou nou toulède.

Sèvis Kominotè (avèk Konsantman Paran an): Sèvis kominotè a pèmèt elèv yo devlope konpetans epi angaje nan solisyon ki nan lavi reyèl pou ede kominote yo. Li pèmèt elèv yo responsab pou konpòtman yo epi li pèmèt yo peye kominote a yon fason pozitif pou repare move konpòtman yo te gen anvan an.

Rezolisyon Konfli: Rezolisyon konfli a fasilite rezolisyon ant de (2) oswa plis moun ki gen pwoblèm. Lè nou itilize pwosesis negosyasyon kolaboratif la, elèv la tande yon fason ki aktif epi li pale sou pwoblèm oswa konfli a dirèkteman avèk moun li pa t dakò a pou rive jwenn yon rezolisyon kote tout moun satisfè.

Devlopman yon Kontra Pou Konpòtman Endividyèl: Elèv la rankontre avèk pwofesè yo pou kreye yon kontra alekri ki gen ladan l objektif ak tach espesifik elèv la ap gen pou fè pou akonpli objektif sa yo. Se elèv la ak pwofesè a ki siyen kontra a, paran an kon siyen lè li apwopriye.

Reyinyon Oryantasyon: Direktè ak pwofesè yo ka mande yon reyinyon oryantasyon avèk elèv la epi lè sa apwopriye avèk paran an. Objektif konferans la se pou egzaminen konpòtman an, jwenn yon solisyon pou pwoblèm lan epi abòde pwoblèm akademik, pèsonèl, ak sosyal ki ka lakòz oswa kontribiye nan konpòtman an.

Edikasyon sou Sante: Edikasyon sou sante se yon matyè akademik pou elèv yo. Nan kou sa a elèv yo aprann konsèp ak konpetans yo bezwen pou rete an sante li gen ladan l konpetans sosyal ak emosyèl, fason pou prevwa entimidasyon, konpetans sou kominikasyon ak relasyon, ak fason pou evite bagay ki reprezante yon risk pou sante a tankou alkòl, tabak, ak lòt dwòg.

Konsèy Endividyèl oswa An gwoup: Konsèy Endividyèl yo pèmèt elèv yo pataje an prive pwoblèm ki ka gen yon enpak negatif sou prezans yo, konpòtman, epi/oswa siksè akademik. Seyans konsèy ki fèt an ti gwoup yo ka abòde bezwen tankou jesyon estrès, jesyon kòlè, rezolisyon konfli, epi/oswa konpetans nan kominikasyon, elatriye. Elèv yo pale epi di objektif yo epi yo aprann sou estrateji pou rezoud pwoblèm sa ki pral pèmèt yo abòde divès kalite pwoblèm pèsonèl. Konseye yo dwe rankontre paran yo sou yon baz regilye pou pale sou pwogrè akademik ak pèsonèl elèv yo.

Plan Sekirite Endividyèl (ISP): Yon Plan Sipò Endividyèl (Individualized Support Plan, ISP) se plan sipò ki ekri pou elèv viktim oswa ki te kòmanse avèk entimidasyon an, tizonnay, diskriminasyon, ak lòt konpòtman agresif yo. Pami yo nou kapab jwenn lòt entèvansyon ak sipò pou elèv la ak dispozisyon pou pèsonèl lekòl yo chwazi a konsilte avèk elèv la epi/oswa paran an nan moman ki espesifye a pou detèmine si konpòtman an amelyore. Li itil nan sitiyasyon kote ka kote elèv la mande pou gen yon apwòch ki pi sible epi/oswa li enplike yon suivi regilye.

Entèvansyon Pèsonèl Ki Ap bay Konsèy: Lè li disponib, pèsonèl oryantasyon eskolè ki baze nan lekòl la epi/oswa pwogram sante mantal ki baze nan lekòl la ofri divès kalite sèvis ak entèvansyon sou sante mantal, li gen ladan l men li pa limite ak evalyasyon, endividyèl, gwoup, ak konsèy an fanmi epi/oswa terapi, konsiltasyon avèk pwofesè, ak estrateji edikatif pou paran ak pèsonèl yo.

Titè: Elèv yo asosye avèk yon titè oswa pwofesè oswa yon pwogram titora nan objektif pou li travay avèk yon konseye, pwofesè, elèv, epi/oswa administratè pou devlopman pèsonèl, akademik ak sosyal.

Sansibilizasyon Paran: Pèsonèl lekòl la dwe kenbe paran yo enfòme sou konpòtman timoun lan epi enplike paran yo kòm patnè nan rezoud sa ki lakòz pwoblèm lan. Sansibilizasyon paran yo kapab gen ladan l men li pa limite ak yon apèl nan telefòn epi/oswa kominikasyon alekri.

Entèvansyon ak Sipò pou Konpòtman Pozitif (PBIS): PBIS fè pwomosyon pou sistèm prevansyon ki baze nan lekòl pou amelyore rezilta konpòtmantal elèv la pandan nou ap ofri l yon kad operasyonèl nan plizyè nivo epi anseye l atant konpòtmantal yo menm jan ak nenpòt matyè ki nan pwogram debaz la.

Oryantasyon nan Sèvis Konsèy Apwopriye Pou Konsomasyon Dwòg: Nan ka kote yon elèv prezante pwoblèm avèk konsomasyon dwòg, li gen ladan l, itilizasyon, posesyon, oswa distribisyon ilegal dwòg, akseswa pou konsomasyon dwòg, epi/oswa alkòl, oryantasyon an dwe fèt swa nan sèvis konsèy ki baze nan lekòl la oswa yon ajans ki deyò oswa nan yon òganizasyon ki baze nan kominote a.

Oryantasyon nan yon Òganizasyon Ki Baze nan Kominote a (CBO): Nou ka refere elèv la nan yon òganizasyon ki baze nan kominote a pou divès kalite sèvis, li gen ladan l, men li pa limite a, pwogram apre lekòl, konsèy endividyèl oswa an gwoup, devlopman lidèchif, rezolisyon konfli, ak titora akademik.

Oryantasyon nan yon Sèvis Konsèy pou Agresyon, Entimidasyon oswa Tizonnay, li gen ladan l Agresyon, Entimidasyon oswa Asèlman ki baze sou prejije: Lè yon elèv oswa yon gwoup elèv ap fè entidimidasyon,li gen ladan l entimidasyon ki fèt anliy, entimidasyon oswa tizonnay ki baze sou prejije sou yon lòt elèv oswa yon gwoup elèv, nou dwe refere alafwa elèv ki ap sibi entimidasyon an ak elèv ki gen konpòtman sa a nan sèvis konsèy, sipò ak edikasyon ki apwopriye epi ki pa menm oswa nan yon ajans ki baze nan kominote a.

Oryantasyon nan yon Sèvis Konsèy pou Jenn ki nan Relasyon ki Sibi Abi ak Vyolans Seksyèl: Lè yon moun itilize yon modèl menas menas oswa vyolans fizik seksyèl, epi/oswa abi emosyonèl pou kontwole yon patnè, lekòl la dwe refere alafwa viktim ak elèv ki gen konpòtman sa a nan sèvis konsèy, sipò ak edikasyon ki apwopriye epi ki pa menm oswa nan yon ajans ki baze nan kominote a.

Oryantasyon nan Sèvis Sipò pou Sante Mantal: Nou ka oryante elèv yo pou yo resevwa sèvis nan yon konseye pou sante mantal oswa ajans titora.

Oryantasyon nan Ekip Pèsonèl Lekòl la (PPT): Ekip Pèsonèl Lekòl la se yon ekip ki baze nan lekòl la ki itilize yon apwòch ki gen plizyè disiplin pou ankouraje elèv la fè siksè atravè prevansyon, estrateji entèvansyon, ak sipò. Nou idantifye yon jesyonè ka pou chak elèv yo oryante epi nou kreye yon plan endividyèl pou ede elèv la fè fas ak difikilte akademik li yo epi/oswa lòt difikilte li genyen.

Oryantasyon nan Pwogram Entèvansyon ak Prevansyon pou Konsomasyon Dwòg: Nou ka oryante nan sèvis entèvansyon elèv ki gen risk pou yo konsome alkòl ak dwòg, enplike nan gang, gen sispansyon nan lekòl, gen konpòtman ki deranje, epi fè enfraksyon ki gen rapò ak Kòd Konduit . Pwogram sa yo ofri paran yo atelye ki pale sou pwoblèm alkòl ak dwòg, ansanm ak prvansyon entimidasyon ak vyolans.

Pratik Reparatè: Nou itilize pratik reparatè yo pou favorize relasyon moun ak moun ak relasyon nan mitan gwoup yo—epi li rezoud konpòtman ki pa apwopriye lè yo parèt—li se baz yon apwòch pozitif pou disiplin. Pratik reparatè yo gen ladan l negosyasyon kolaboratif, pwosesis sèk la, medyasyon ant kamarad, rezolisyon konfli ak konferans reparatè fòmè. Ni medyasyon ni rezolisyon konfli pa entanvansyon ki apwopriye nan sikonstans kote gen agresyon, entimidasyon akoz dezekilib nan fòs ki asosye avèk agresyon ak entimidasyon.

Rapò sou Pwogrè Konpòtmantal pou yon Peryòd ki Kout: Pwofesè epi/oswa direktè a ka voye rapò sou pwogrè konpòtmantal sou yon baz regilye jiskaske yo santi elèv la kontwole konpòtman l epi li ap travay avèk siksè nan sal klas la.

Aprantisaj Sosyal ak Emosyonèl: Li bay elèv yo konpetans pou jere emosyon yo, fikse objektif pozitif, montre anpati pou lòt moun, epi etabli relasyon pozitif, aprantisaj sosyal ak emosyonèl la ede elèv la pran desizyon responsab ak konstriktif.

SEKSYON 3

Garanti nan pwosedi a

Li enpòtan pou *TOUT PÈSONÈL* la abitye avèk definisyon ak paramèt sa yo pou pwoteje dwa sivil elèv ak fanmi yo.

Mete Deyò nan Kou a

Yon "ranvwa" se yon eksklizyon disiplinè nan yon sal klas pou tout oswa yon pati yon sèl kou, yon eksklizyon konsa pa dwe depase 90 minit. Pwofesè yo gen otorizasyon pou mete elèv yo deyò nan kou a lè elèv la deranje klas la yon fason ki grav ak pwòp volonte l pandan yon pwosesis edikatif ki ap fèt nan sal klas la (sa vle di elèv la reprezante yon danje pou li menm ak pou lòt moun yo). Nou pa kapab mete yon elèv deyò nan yon kou plis pase sis (6) fwa pandan ane lekòl la oswa plis pase de (2) fwa nan yon semèn, sof si nou refere elèv la bay direktè bilding lan (oswa moun ki deziyen an), epi li te gen posibilite pou li gen yon odyans enfòmèl dapre jan li ekri anba a nan pwosedi ki ap kontwole sispansyon yo. Nenpòt pwofesè ki mete yon elèv deyò nan yon sal klas dwe voye elèv la dirèkteman bay sipèvizè espas la oswa nan yon sal direktè a chwazi, epi li dwe bay direktè oswa moun ki deziyen an non elèv la tousuit ak rezon ki fè ou ba li sanksyon sa a; nou dwe sipèvize elèv la pandan tout tan an. Apre yon konferans enfòmèl avèk elèv la ak pwofesè a direktè a ka reyentegre elèv la nan sal klas kote yo te mete l deyò a, si direktè a kwè elèv la p ap kontinye ak konpòtman ki deranje a ki te lakòz yo mete l deyò anvan an.

Direktè a oswa moun li deziyen an dwe enfòme paran nenpòt elèv yo mete deyò nan yon sal klas nan yon delè 24 èdtan apre yo fin mete l deyò. Avi sa a dwe di rezon ki fè yo mete l deyò a.

Dirèktè a avèk kowoperasyon pwofesè a ka mete yon elèv deyò nan yon kou pou yon ti konvèsasyon oswa konferans tou kout, epi mete elèv la nan yon lòt klas oswa yon lòt etablisman edikatif tankou yon sal resous pou konsiltasyon, ki pa la pou bay sanksyon oswa ki la pou fè prevansyon, lè elèv la gen difikilte pou adapte l avèk yon pwofesè ranplasan oswa lè li ap viv lòt pwoblèm emosyonèl oswa edikatif. Lè ou retire l konsa pa gen obligasyon pou gen yon avi oswa odyans pou sispansyon.

Retni

Yon "Retni" se yon aksyon disiplinè kote elèv yo gen obligasyon pou rete nan yon espas nou chwazi epi nou ap sipèvize pandan yon kantite tan ki pa nan lè lekòl la. Retni a la pou bay elèv yo opòtinite pou ratrape kou yo epi resevwa sipò ak sosyo-emosyonèl ansanm ak lòt sipò ak sèvis reparatè.

Sispansyon Nan Lekòl la ak Sispansyon ki Pa Nan Lekòl la

Tout sispansyon nan Norwalk Public Schools dwe sispansyon ki pran pou anndan lekòl la sof si elèv la reprezante yon risk ki grav pou sekirite pèsonèl la oswa elèv yo oswa li deranje pwosesis edikatif la nan yon nivo kote nou pa kapab kontinye ak ansèyman an nan batiman an.

Tout sispansyon yo dwe sispansyon ki pran pou anndan lekòl la, sof si pandan odyans lan administratè a detèmine elèv ki gen sispansyon an reprezante yon gwo danje pou moun oswa pwopriyete a, oswa li tèlman deranje pwosesis edikatif la sa lakòz sispansyon an dwe fèt deyò lekòl la.

Tout sispansyon yo dwe sispansyon ki pran pou anndan lekòl la, sof si administratè a detèmine yon sispansyon ki pran pou deyò lekòl la apwopriye pou yon elèv lè li baze l sou prèv tankou (A) pwoblèm disiplinè ki te gen anvan an ki te mennen ak sispansyon oswa ekspilsyon elèv sa yo, ak (B) efò administratè a fè pou rezoud pwoblèm disiplinè a atravè lòt mwayen ki pa sispansyon oswa ekspilsyon pou deyò lekòl la, li gen ladan l estrateji pozitif pou sipò konpòtmantal.

Yon sispansyon pou anndan lekòl la kapab fèt anndan lekòl la oswa nenpòt bilding kote elèv la lekòl la konn suiv kou ki anba jiridiksyon komite edikasyon lokal oswa rejyonal la.

Jou lekòl la fèmen ak jou vakans yo pa konte nan kondisyon sispansyon an; pou rezon sa yo, nou ap ajoute valè jou lekòl la fè fèmen nan fen peryòd sispansyon an.

Sispansyon Ki fèt Anndan Lekòl la

Sispansyon Ki fèt Anndan Lekòl la (In-school suspension, ISS) se yon pwosedi kote elèv ki gen sispansyon an pase yon pati nan jou lekòl la ki ale pi lwen pase 90 minit konsekitif nan yon zòn ki limite epi ki pa pre lòt elèv yo. Nenpòt elèv nou retire nan sal klas la pandan plis pase 90 minit dwe trete tankou yon sispansyon ki pran anndan lekòl la, epi nou dwe suiv etap ki apwopriye yo.

ISS la ap fèt nan yon espas ki apwopriye nan lekòl epi direktè ap deziyen yon manm pèsonèl ki baze nan lekòl la pou sipèvize l yon fason ki kòrèk.

Yo p ap konsidere tout moun yo asiyen nan ISS la kòm moun ki absan pou jounen an. Sipèvizè a ap gen otorizasyon pou li asiyen sèlman yon sèl jou anplis pou ISS la. Apre li fin fè ISS la, elèv la p ap gen pou li retounen nan lekòl la avèk yon paran oswa responsab legal. Chak lekòl dwe eseye limite kantite ISS yon elèv ak 20 pou pi plis. Yon elèv ki rate ISS la ak pwòp volonte l ap gen pou sibi lòt aksyon administratif. Elèv la ap gen pou resevwa devwa lekòl la pandan tan li fè nan ISS la.

Sispansyon Ki Pa Fèt Anndan Lekòl la

Selon lwa nan eta Connecticut (Chapit 170 seksyon 10-233c) ki di yon elèv dwe gen yon sispansyon ki fèt anndan lekòl la kòm yon konsekans rezonab anvan li resevwa yon sispansyon ki pa fèt anndan lekòl la, sof nan ka kote gen sispansyon ijans.

Nou dwe itilize sispansyon ki pa fèt anndan lekòl la sèlman apre nou fin itilize tout lòt entèvansyon yo.

Yon sispansyon ki pa fèt anndan lekòl la se yon eksklizyon pou pa suiv kou pandan yon peryòd ki defini, epi ki pa depase 10 jou lekòl youn dèyè lòt, epi eksklizyon an pa dwe depase ane lekòl kote yo te bay sispansyon an. Nou konsidere chak jou sispansyon an kòm yon absans ki eskize. Elèv yo gen obligasyon pou yo vini avèk yon paran lè yo ap retounen lekòl la, men li rekòmande si lekòl la gen enkyetid konsènan elèv ki ap soti nan sispansyon an oswa pou lòt elèv, epi/oswa manm pèsonèl la, lekòl la dwe suiv etap ki apwopriye pou kominike sou enkyetid sa yo avèk paran oswa responsab legal la, etabli atant nou ankouraje pou elèv la suiv nan objektif pou kenbe yon anviwònman aprantisaj ki san danje, epi si li nesesè mete sou pye yon plan ki pou asire sekirite tout moun ak reyentegrasyon efikas elèv la nan kominote eskolè a.

(Gade nan Anèks 1. c pou Estati Jeneral Connecticut konsènan pwoblèm sa a)

Sispansyon Pou Elèv Soti Nan Kindègadenn Pou Rive Nan Dezyèm Ane

Direktè yo dwe avèti Direktè Egzekitif ki ap Dirije Lekòl respektif yo a lè gen nenpòt sispansyon ki enplike yon elèv ki nan klas PK-2. Si nou ba li sispansyon an, se ap yon sispansyon ki ap fèt anndan lekòl la, sof direktè a oswa yon moun li deziyen ka bay yon sispansyon ki pa fèt anndan lekòl la pou nenpòt elèv ki nan kindègadenn pou rive nan dezyèm ane, yon fason enklizif, si direktè oswa moun li deziyen an detèmine sispansyon ki pa fèt anndan lekòl la apwopriye pou elèv sa a sou baz prèv ki montre konpòtman elèv la genyen nan espas lekòl la vyolan oswa gen nati seksyèl sa ki mete lòt moun yo an danje.

Sispansyon An Ijans

Yon sispansyon an ijans vle di eksklizyon pou pa suiv kou nan lekòl la pandan tan peryòd ijan lan dire men li pa dwe pi plis pase twa (3) jou lekòl youn dèyè lòt.

Lè nou di ijans nou vle di yon sitiyasyon kote lè elèv la kontinye prezan nan lekòl la li reprezante yon danje pou moun oswa pwopriyete yo, oswa li tèlman deranje pwosesis edikatif li anpeche odyans lan fèt yon fason efikas anvan nou ekskli yon elèv nan lekòl. Lè administratè a pa disponib li pa ta dwe yon rezon pou ranvwaye yon odyans. Direktè a ka bay yon sispansyon san li pa bay yon avi alavans oswa san li pa fè yon odyans enfòmèl si gen yon ijans jan ki dekri anwo a ki egziste. Lè li bay sispansyon an, direktè a dwe di valè tan li bay pou sanksyon disiplinè a epi enfòme elèv la si l ap retounen lekòl la nan fen peryòd la. Nan yon sitiyasyon ijans, nou dwe bay avi a epi gen yon odyans enfòmèl ki dwe fèt i bonè posib apre esklizyon an. Gade nan Anèks 2 a pou jwenn plis enfòmasyon konsènan Sispansyon An Ijans.

(Gade nan Anèks 2 pou Lwa Jeneral Connecticut konsènan pwoblèm sa a)

Ekspilsyon

Ekspilsyon se lè gen yon entèdiksyon pou suiv kou nan lekòl epi benefisye privilèj yo pandan plis pase 10 jou youn dèyè lòt. Dapre Lwa Jeneral Connecticut , seksyon 10-233a (e), yon peryòd ekspilsyon kapab ale pi lwen pase fen ane lekòl la nou te bay ekspilsyon sa a, men li pa ka ale pi lwen yon lane sivil.

Ekspilsyon Diskresyonè ak Obligatwa

Yon direktè lekòl ka konsidere rekòmandasyon ekspilsyon pou yon elèv ki nan twazyèn ane pou rive douzyèm ane, yon fason enklizif, nan ka kote direktè a gen rezon pou li kwè elèv la angaje l nan konpòtman ki dekri nan seksyon 2.A. oswa 2.B., anwo a.

Yon direktè dwe rekòmande ekspilsyon nan tout ka sa yo kont nenpòt elèv ki nan klas kindègadenn pou rive douzyèm ane, yon fason enklizif, lè Administrasyon an gen rezon pou li kwè:

- li te gen nan men l pandan li nan espas lekòl la, nan transpò eskolè, oswa nan yon aktivite lekòl la esponnsorize yon zam ki kapab touye moun, enstriman ki danjere, zam pou konbat (atizay masyal), oswa zam pou tire, jan li dekri nan atik 18 U.S.C. § 921 ak jan li modifye tanzantan; oswa
- pandan li pa t nan epas lekòl la li te gen zam pou tire, jan li defini nan atik 18 U.S.C. § 921 ki se yon vyolasyon atik § 29-35 nan Lwa Jeneral Connecticut oswa li te genyen epi li te itilize yon zam jan li defini nan atik 18 U.S.C. § 921, yon zam ki kapab touye moun, yon enstriman ki danjere, oswa yon zam pou konbat pou fè yon krim dapre chapit 952 nan Lwa Jeneral Connecticut; oswa
- li te patisipe nan lekòl la oswa pandan li pa t nan lekòl la, oswa nan transpò lekòl li t ap vann oswa distribiye yon sibstans kontwole (jan li defini nan atik § 21a-240(9) ki nan Lwa Jeneral Connecticut). Li te nan fabrikasyon, distribisyon, lavant, preskripsyon, distribisyon, transpò oswa posesyon avèk entansyon pou vann oswa distribiye. Gen sanksyon penal ki ka aplike lè yon moun ofri oswa administre dapre atik §§21a-277 ak 21a-278 ki nan Lwa Jeneral Connecticut.

Nou defini nan Seksyon 1 anwo a tèm “enstriman ki danjere”, “zam ki kapab touye moun”, “zam elektwonik pou defans”, “zam pou tire”, ak “zam pou konbat”.

Nan nenpòt pwogram preskolè kote gen yon Komite Edikasyon oswa yon Sèvis Edikasyon Rejyonal ki ap ofri l, oswa yon lekòl ki gen yon estati pou eta a, oswa yon estati lokal dapre yon akò avèk Kominote Edikasyon an, okenn elèv ki enskri nan yon pwogram preskolè konsa pa dwe ekspilse, sof si Komite Edikasyon an fè yon odyans dapre Seksyon 4 politik sa a. Li fèt nan ka kote Administrasyon an gen rezon pou li kwè gen yon elèv ki enskri nan pwogram preskolè sa a ki gen nan men l zam ki pou tire, jan li defini nan atik 18 U.S.C. § 921, ak nan fason li modifye detanzantan, pandan li nan lakou lekòl la oswa pandan li pa nan lakou lekòl la, nan transpò lekòl la, oswa nan yon evènman preskolè pwogram la ap esponnsorize. Nou defini tèm “zam pou tire” nan Seksyon 1 anwo a.

Lè li resevwa yon rekòmandasyon ekspilsyon, Direktè a ka mennen yon ankèt konsènan rekòmandasyon ekspilsyon an. Si Direktè a oswa moun li deziyen an detèmine yon elèv ta dwe ekspilse oswa dwe ekspilse, Direktè a oswa moun li deziyen an dwe transmèt rekòmandasyon sa a bay Komite Edikasyon an, konsa Komite a kapab egzaminen rekòmandasyon sa a epi kontinye avèk pwosesis la.
Jan sa di nan atik § 10-233d ki nan Lwa Jeneral Connecticut ak Lwa sou Absans Zam nan Lekòl, politik Komite a se pou ekspilse yon elèv ki nan klas kindègadenn pou rive douzyèm ane, yon fason enklizif, pou yon (1) ane sivil konplè pou konpòtman ki dekri nan Seksyon 4 B(1), (2) ak (3) politik sa a, epi ekspilse yon elèv ki enskri nan yon pwogram preskolè pou yon (1) ane sivil pou konpòtman ki dekri nan Seksyon 4.C. Pou nenpòt ekspilsyon obligatwa, Komite a ka modifye kondisyon ekspilsyon sou yon baz kote y ap gade chak ka.

Anvan pou gen yon konvokasyon pou yon odyans ekspilsyon, lekòl la ak administrasyon an gen obligasyon pou soumèt bay direktè a oswa moun ki deziyen an yon Demann Pou Aksyon Admistratif (Dosye pou Ekspilsyon) ki ranpli.

Eksepsyon Ijans

Eksepte nan sitiyasyon kote gen ijans, Komite Edikasyon an dwe òganize yon odyans anvan li ekspilse nenpòt elèv pou konpòtman epi li ap fèt dapre pwosedi ki dekri nan dokiman sa a, epi ki respekte obligasyon ki nan atik § 10-233d nan Lwa Jeneral Connecticut oswa ki nan atik § 10-233d nan Lwa Jeneral Connecticut, si li aplikab, ansanm ak rekòmandasyon ki nan Lwa sou Pwosedi Administratif Inifòm, ki nan atik §§ 4-176e to 4-180a, ak § 4-181a nan Lwa Jeneral Connecticut. Lè gen yon ijans, odyans nou prevwa ki pou fèt dapre dokiman sa a, dwe fèt pi bonè posib apre ekspilsyon an.

Komite Pou Odyans lan

a. Gen twa (3) manm nan komite a oswa plis ki ap gen pou tande pandan Odyans Ekspilsyon Komite a ap òganize. Se majorite manm Komite ki prezan an ki dwe sipòte desizyon pou ekspilse a, dwe gen pou pi piti twa (3) moun ki vote "wi" pou ekspilsyon an.

b.Yon lòt bò, Komite a ka ka nome yon komite ki pa gen patipri pou odyans lan, li ap gen ladan l youn (1) oswa plizyè moun ki ap deside sou ekspilsyon an, men li pa dwe gen okenn manm komite a ki patisipe nan komite sa a!

Avi Pou Odyans ak Dwa Elèv ak Paran oswa Responsab Legal la

a. Elèv la dwe resevwa yon avi alekri sou odyans ekspilsyon an, epi si elèv la se yon minè, paran oswa responsab legal elèv la gen pou pi piti 5 jou ouvrab anvan odyans lan fèt.

b. Elèv la dwe resevwa yon kopi politik sou Konpòtman sa a tou, epi si elèv la se yon minè, paran oswa responsab legal la ap resevwa l nan moman nou voye avi pou odyans ekspilsyon an.

c. Avi alekri sou odyans ekspilsyon an dwe enfòme elèv la sou pwen sa yo:

- Dat, lè, kote ak ki kalite odyans ki ap fèt, epi li ap di si odyans lan ap fèt yon fason vityèl atravè videyo konferans.
- Otorite legal ak jiridiksyon kote odyans lan ap fèt, li gen ladan l yon referans pou seksyon espesyal sou lwa ki enplike yo.
- Yon deskripsyon tou kout ki di aklè konpòtman Administrasyon an sipoze elèv la genyen.
- Elèv la ka prezante prèv enpòtan pou temwanyaj li a ak dokiman ki konsène konpòtman yo sipoze li genyen an, epi tan ak kondisyon ki apwopriye pou ekspilsyon an, epi odyans ekspilsyon an ka sèl opòtinite elèv la genyen pou prezante prèv sa yo.
- Elèv la ka poze temwen Administrasyon an kesyon pa li tou.
- Elèv la ka gen yon avoka ki reprezante l oswa yon lòt defansè pou elèv li chwazi, se elèv la oswa paran oswa responsab legal elèv la ki ap gen pou peye pou sa.
- Elèv la gen dwa pou li gen yon tradiktè oswa yon entèprèt, se Komite Edikasyon an ki ap ofri l lè elèv la, oswa paran elèv oswa responsab legal elèv la mande sèvis yon entèprèt paske li pa pale Anglè oswa li gen yon andikap.
- Kondisyon kote Komite a pa gen obligasyon legal pou li bay elèv la yon opòtinite edikatif altènatif (si li nesesè).
- Enfòmasyon ki konsène dwa legal paran oswa responsab legal la ak dwa legal elèv la, ak enfòmasyon sou sèvis jiridik gratis oswa ki gen pri redui, ak sou fason pou gen aksè ak sèvis sa yo.
- Paran oswa responsab legal elèv la gen dwa pou mande yo ranvwaye odyans ekspilsyon an pou yon semèn pou pi plis, pou pèmèt li gen tan pou li jwenn yon reprezantasyon, sof si gen yon ijans, odyans sa a ap fèt pi vit posib apre ekspilsyon an.

Prezans nan Lekòl la, nan Transpò Eskolè ak Patisipasyon nan Aktivite Lekòl la Esponsorize Pandan Ekspilsyon an

Pandan peryòd ekspilsyon an, elèv la pa gen otorizasyon pou li rete nan pwopriyete lekòl la oswa nan transpò lekòl la, epi li pa gen otorizasyon pou li asiste oswa patisipe nan nenpòt aktivite lekòl la esponnsorize, elèv la gen dwa patisipe sèlman nan nenpòt opòtinite edikatif altènatif distri a ofri dapre politik sa a. Epi, direktè a ka otorize elèv la pou li rantre nan pwopriyete lekòl sof oswa nan transpò lekòl la sof nan ka espesifik pou yon rezon ki presize, oswa pou patisipe nan yon aktivite lekòl la esponnsorize.

Sa Ki Prevwa Nan Akò a

Nan plas pwosedi ki prevwa nan Seksyon sa a, Administrasyon an ak paran oswa reprezantan legal elèv ki ap fè fas ak sitiyasyon an ka chwazi pou yo pase yon akò ki pran youn ak lòt epi ki baze sou sa ki te pase a ak yon rekòmandasyon ki pran youn ak lòt pou Komite a konsènan valè tan ekspilsyon an ap pran ak kondisyon yo. Akò ak rekòmandasyon nou pran youn ak lòt la dwe gen ladan l enfòmasyon ki endike paran oswa responsab legal la konprann dwa yo genyen pou gen yon odyans ekspilsyon ki fèt pou pwosedi sa yo, epi enfòmasyon ki endike Komite a nan diskresyon pa l, gen dwa pou aksepte oswa refize Akò nou pran youn ak lòt ki baze sou sa ki te pase a ak Rekòmandasyon an. Si Komite a rejte swa Akò ki pran youn ak lòt epi ki baze sou sa ki te pase a oswa Rekòmandasyon, odyans ekspilsyon an ap fèt dapre pwosedi ki dekri nan dokiman sa a. Si elèv la gen dizuit lane oswa plis, li gen dwa pou li konkli nan non pa l Akò ki pran youn ak lòt epi ki baze sou sa ki te pase a ak yon Rekòmandasyon an.

Si pati yo dakò sou sa ki te pase a men yo pa dakò sou rekòmandasyon disiplinè a, Administrasyon ak parant yo (oswa responsab legal la) elèv ki ap fè fas ak ekspilsyon an ka chwazi pou li pase Akò ki pran youn ak lòt epi ki baze sou sa ki te pase a tou, epi soumèt Akò sou Sa ki te Pase a bay Komite a, olye pou yo fè premye pati odyans lan jan li dekri anwo a. Akò sa a yo jwenn youn ak lòt la dwe gen ladan l enfòmasyon ki di paran yo konprann dwa yo genyen pou mande yon odyans ki ap pèmèt nou detèmine si elèv la te gen move konpòtman yo sipoze a, epi komite a nan diskresyon l gen dwa pou aksepte oswa refize Akò ki pran youn ak lòt epi ki baze sou sa ki te pase a. Si Komite a rejte Akò ki pran youn ak lòt epi ki baze sou sa ki te pase a, ap gen yon odyans ekspilsyon konplè ki fèt dapre pwosedi ki dekri nan dokiman sa a.

Elèv Ki Gen Andikap

Elèv ki gen andikap yo gen dwa ki pèmèt yo asire konpòtman yo pa deranje edikasyon y ap resevwa. Yo gen dwa pou yo gen Plan Edikatif Endividyèl (Individual Educational Plan, IEP) yo a, pale sou konpòtman yo a, pase yon Evalyasyon Fonksyonèl Sou Konpòtman (Functional Behavior Assessment, FBA) epi jwenn rezilta a, resevwa yon Plan Entèvansyon Konpòtmantal (Behavioral Intervention Plan, BIP) pou nenpòt konpòtman ki gen yon enpak sou kapasite pou yo gen aksè ak edikasyon. Yon elèv ki gen andikap pa dwe resevwa plis pase dis (10) sispansyon pa ane eskolè san distri a pa òganize yon reyinyon PPT pou egzaminen detèminasyon manifestasyon an. Sepandan, sa ki pi bon pou fè, se òganize yon reyinyon pou egzaminen konpòtman an depi lè nenpòt enkyetid konpòtmantal kòmanse ap parèt.

Poutèt sa, si yon elèv ki gen yon edikasyon espesyal gen yon ekspilsyon oswa nou sispann li pandan plis pase dis (10) jou lekòl nan yon ane lekòl, lekòl la dwe konvoke yon PPT pou li kapab fè yon detèminasyon manifestasyon pi bonè ki posib apre nou fin fè rekòmandasyon pou disiplin sa a. Objektif reyinyon PPT a se pou egzaminen relasyon ki gen ant andikap elèv la ak konpòtman ki lakòz ensidan disiplinè a, epi detèmine si konpòtman elèv la se yon manifestasyon andikap li a. Pandan pwosesis pou egzaminen yon manifestasyon, elèv la dwe resevwa sèvis li gen dwa pou resevwa dapre IEP a.

Konpòtman oswa Disiplin ki Apwopriye ak Laj Devlopman an

Depatman Edikasyon pou Eta a fè konnen laj, nivo eskolè, ak devlopmantal, epi nivo sosyal, ak emosyonèl yon elèv kapab yon faktè ki diminye ka ki enplike jenn elèv ki ka pa gen matirite devlopmantal pou rezoud pwoblèm sosyal yo yon fason efikas. Nou dwe konsidere faktè kiltirèl ak kominikasyon lè nou ap entèprete konpòtman yo, espesyalman nan ka ki enplike sitiyasyon sosyal ki konplèks epi ki pa twò klè, nou kapab entèprete l yon fason diferan selon ras, etni, lang, ak idantite kiltirèl. Nou dwe gade tou faktè ki gen rapò youn ak lòt, tankou antesedan kolaborasyon avèk paran, tantativ kite te fèt anvan pou diminye konpòtman ki pa apwopriye oswa ki danjere, epi nou dwe konsidere nenpòt bezwen espesyal pou aprantisaj emosyonèl ak konpòtmantal. Li enpòtan pou administratè yo apiye sou pwen fò chak elèv pou diminye konpòtman ki pa bon yo.

Pou detèmine nivo entèvansyon ak konsekans ki apwopriye, responsab nan lekòl la dwe konsidere klas, laj, nivo devlopmantal, ak sikonstans familyal elèv la. Sikonstans yo kapab mwen sevè pou yon elèv ki pi jenn epi nan yon klas ki pi piti konpare ak yon elèv ki pi gran epi ki nan yon nivo ki pi wo.

Move Konpòtman nan Espas ki Pa nan Lekòl la

Elèv yo kapab gen sanksyon disiplinè ki gen ladan l sispansyon ak ekspilsyon pu move konpòtman ki site nan manyèl sa a, menm si move konpòtman sa a pa fèt nan espas lekòl la ak pandan lè lekòl la, jan nou site l anba a.

Ensidan disiplinè sa yo kapab parèt lè:

- Ensidan an te kòmanse nan lekòl la oswa nan espas lekòl la, oswa li te pase pandan yon aktivite lekòl la esponnsorize, oswa pandan elèl la t ap rete tann oswa t ap monte transpò eskolè a.
- Ensidan an pa t pase oswa li pa t kòmanse nan espas lekòl la ak pandan lè lekòl la, epi si move konpòtman an deranje pwosesis edikatif la nan sans kote li entewonp oswa afekte fonksyonman chak jou lekòl la yon fason ki grav, li gen ladan l men li pa limite ak platfòm entènèt ak rezo sosyal.
- Elèv la itilize oswa genyen yon zam pou tire, oswa li itilize yon zam pou tiye moun oswa yon fason ki grav pou fè yon krim pandan li pa nan lekòl la.
- Elèv la te ofri pou vann oswa li te distribiye bay yon lòt moun nenpòt dwòg ilegal pandan li pa nan lekòl la.

Pou detèmine si move konpòtman li genyen pandan li pa nan lekòl la deranje pwosesis edikatif la, Komite Edikasyon an oswa Biwo Pou Odyans li an dwe gade pwen sa yo:

- Distans li genyen ak lekòl la
- Enplikasyon lòt elèv oswa gang
- Itilizasyon vyolans oswa zam ak nenpòt blesi
- Prezans Alkòl
- Nenpòt lòt faktè enpòtan

Entimidasyon

Nou dwe siyale tout entimidasyon potansyèl oswa nou sispèk bay manm pèsonèl NPS. Manm pèsonèl la dwe bay elèv oswa fanmi a Fòm Pou Depoze Plent pou Entimidasyon NPS la. Fòm sa yo dwe disponib nan biwo prensipal oswa fanmi a ap resevwa yon vèsyon elektwonik pou fòm pou depoze plent pou entimidasyon an. Nou ankouraje administratè yo pou fasilite devlopman sèvis pwofesyonèl ki ap fèt sou fason pou ranpli fòm sa yo pou administratè yo, epi nou ankouraje yo tou pou yo ofri paran oswa responsab legal yo seyans fòmasyon sou fason yo kapab gen aksè ak fòm yo, ranpli l, epi ki pwosedi ki ap genyen apre yo fin ranpli fòm lan, li kapab triyaj, ankèt ak verifikasyon sou ensidan ki gen entimidasyon an. Administratè yo gen obligasyon pou yo bay paran yo enfòmasyon sou fason pou yo siyale yon sitiyasyon entimidasyon yo sispèk sou yon baz anyèl. Nou kenbe nan rejis Entimidasyon ak Tizonnay lekòl la tout sitiyasyon entimidasyon nou sispèk yo, epi nou kapab mete yo disponib pou enspeksyon piblik rejis ki gen kantite ka nou sispèk ak kantite ka ki konsidere kòm verifye oswa ki pa verifye, jan lwa nan eta a oswa politik distri a mande sa.

(Gade nan Anèk 1 pou Fòm pou Depoze Plent pou Entimidasyon nan Norwalk Public Schools)

Komite Edikasyon Norwalk angaje l pou kreye epi kenbe yon anviwònman edikatif ki fizikman, emosyonèlman ak entèlektyèlman san danje, pou rezon sa a li pa dwe gen entimidasyon, vyolans nan relasyon ant adolesan, tizonnay ak diskriminasyon. Dapre lwa ki nan eta a ak Plan Pou Yon Klima Eskolè Ki San Danje Komite a genyen, Komite a entèdi yon fason ki klè nenpòt fòm konpòtman ki gen entimidasyon nan espas lekòl la; nan yon aktivite, fonksyon oswa pwogram lekòl la esponnsorize oswa aktivite ki gen rapò ak lekòl la; nan estasyon bis lekòl oswa nan lòt machin ki se pwopriyete, ki lwe, oswa komite edikasyon lokal oswa rejyonal la ap itilize; oswa atravè itilizasyon aparèy elektwonik oswa aparèy elektwonik ki se pwopriyete, ki lwe, oswa komite a ap itilize.

Epitou, komite a entèdi nenpòt fòm entimidasyon ki pa fèt nan etablisman lekòl la, si entimidasyon sa (1) kreye yon anviwònman ki pa favorab nan lekòl la pou elèv ki te sibi entimidasyon sa a, (2) pa respekte dwa elèv ki te sibi entimidasyon sa a nan lekòl la, oswa (3) deranje yon fason konsiderab pwosesis edikatif la oswa lòd fonksyònman lekòl la. Diskriminasyon epi/oswa atak kont yon moun ki siyale oswa ki ap ede mennen ankèt sou yon aksyon entimidasyon entèdi tou.

Elèv ki ap patispe nan aksyon entimidasyon oswa ki nan relasyon ant adolesan ki gen vyolans ka resevwa sanksyon disiplinè ki ka rive jiska ekspilsyon, dapre politik Komite a sou disiplin, sispansyon ak ekspilsyon elèv, epi ki respekte lwa ki nan eta a ak lwa federal la.

Nan politik sa a, "entimidasyon" vle di yon aksyon dirèk oswa endirèk epi ki grav, pèsistan oswa ki jeneralize, ki:

- lakòz yon moun sibi domaj fizik oswa emosyonèl,
- mete yon moun nan yon laperèz rezonab pou li pa sibi domaj fizik oswa emosyonèl, oswa
- vyole dwa oswa opòtinite yon moun gen nan lekòl.

Entimidasyon an gen ladan l, men li pa limite ak yon kominikasyon oral oswa elektwononik, oswa yon aksyon oswa jès fizik ki baze sou karakteristik nou kapab wè ki diferansye nou tankou ras, koulè, relijyon, zansèt, orijin nasyonal, oryantasyon seksyèl, idantite ak ekspresyon seksyèl, estati sosyal ak ekonomik, estati akademik, aparans fizik, oswa andikap mantal, fizik, devlopmantal oswa sansoryèl, oswa lè nou asosye yon moun avèk yon moun oswa yon gwoup ki gen youn (1) oswa plizyè nan karakteristik sa yo.

Nan kad politik sa a, **"Asèlman Ki Fèt Anliy"** vle di nenpòt aksyon entimidasyon ki fèt atravè itilizasyon entènèt, teknoloji entèyaktif ak dijital, telefòn selilè oswa lòt aparèy elektwonik mobil oswa nenpòt kominikasyon elektwonik.

Nan kad politik sa a, **"Vyolans ant Adolesan ki gen yon Relasyon"** vle di nenpòt aksyon fizik, abi fizik oswa emosyonèl, li gen ladan l suiv yon moun san otorizasyon, tizonnay, ak vyolans ki parèt ant de (2) elèv ki aktyèlman nan yon relasyon anmoure oswa ki te nan yon relasyon anmoure.

Li enpòtan pou nou pa mal itilize tèm "entimidasyon" pou chak pwoblèm konpòtman. Lè nou idantifye kisa yon konpòtman ye vrèman li ap ede nou chwazi estrateji entèvansyon ki pi apwopriye a. Pou distenge entimidasyon ak konfli ant elèv gen twa (3) fason debaz pou fè diferan lan.

Elèv ki ap fè entimidasyon an

- Chwazi moun li sible jou apre jou (**repetisyon**),
- Genyen paske sib li a pi piti, pi jenn, oswa gen mwens kapasite sosyal pou li kanpe anfas li (**dezekilib nan fòs**),
- Pran plezi nan wè sib la gen laperèz epi fache (**entansyon pou deranje**).

(Asosyasyon Nasyonal pou Edikasyon)

Komite Pou Yon Anviwònman Eskolè Ki San Danje

Tou lekòl yo gen obligasyon pou gen yon Anviwònman Eskolè Ki San Danje ak yon Komite Pou Yon Anviwònman Eskolè Ki San Danje (Komite Pou Yon Anviwònman ak Kilti Eskolè). Espesyalis pou Anviwònman Eskolè Ki San Danje a responsab pou mennen ankèt sou tout ka entimidasyon yo siyale, epi li ap dirije Komite Pou Yon Anviwònman Eskolè Ki San Danje (Komite Pou Yon Anviwònman ak Kilti Eskolè) ki responsab pou asire yo respekte Plan Disti a pou Yon Anviwònman Eskolè Ki San Danje, li gen ladan l, jesyon Rejis pou Entimidasyon ak Tizonnay nan PowerSchool, epi fè ankèt ak verifye entimidasyon elèv yo fè. Anplis, Espesyalis pou Yon Anviwònman Eskolè ki san Danje responsab pou li kominike avèk pati ki konsène yo, li gen ladan l paran oswa responsab legal yo ak manm pèsonèl yo. Li rekòmande pou Komite Pou Yon Anviwònman Eskolè Ki San Danje a (Komite Pou Yon Anviwònman ak Kilti Eskolè) rankontre chak mwa ak pou pi piti chak trimès pou evalye sistèm ki egziste pou siyale ak reponn ak entimidasyon an, ansanm ak dirabilite pwogram yo mete sou pye a ki ap fè pwomosyon yon anviwònman eskolè ki san danje epi ki estimilan, li gen ladan l pwogram pou elèv yo ak devlopman pwofesyonèl pèsonèl la.

Absans nan jou lekòl la san avètisman

Lwa nan Eta Connecticut egzije pou timoun ki ap viv nan distri eskolè a ale lekòl regilyèman oswa montre yo ap resevwa yon lòt kote edikasyon ki menm jan ak sa yo anseye nan lekòl piblik yo. Komite Edikasyon an kwè yon patisipasyon regilye nan lekòl la esansyèl pou siksè akademik elèv yo. Poutèt sa, konsèy la gen kòm politik kontwole prezans nan lekòl yo pou idantifye elèv ki absan san yo pa t avèti, epi asire kowoperasyon paran yo, epi si li nesesè kowoperasyon Sistèm Jistis Jivenil nan objektif pou rezoud pwoblèm absans san avètisman an lè li parèt.

Elèv ki ap rate jou lekòl san avèti: Nenpòt elèv ki enskri ki gen senk (5) jiska 18 lane, yon fason enklizif, ki gen kat (4) absans san avèti nan lekòl la pandan nenpòt ane lekòl.

Absans san avètisman: Yon elèv ki enskri ki absan nan yon jou lekòl nòmal, direktè lekòl la (oswa moun li deziyen an) detèmine li pa t avèti pou absans lan.

Absans ki gen avètisman: Yon elèv ki enskri ki absan nan yon jou lekòl nòmal, pou nenpòt nan rezon sa yo:

- Sante elèv la, li gen ladan l randevou medikal yo. (Remak: Administrasyon lekòl la ka mande yon sètifika medikal pou absans ki rive souvan pou kesyon sante.)
- Konje Relijye
- Antèman, lanmò, oswa maladi kigrav nan fanmi a
- Konvokasyon nan tribinal
- Vizit inivèsitè Dokimante
- Aktivite eskolè ki apwouve li gen ladan l vwayaj ak evènman espòtif
- Sispansyon oswa ekspilsyon
- Distri eskolè a pa t rive bay transpò ki obligatwa a
- Yon sikonstans ekstrawòdinè avèk apwobasyon direktè etablisman an

Kòd Vestimantè

Nan objektif pou kenbe yon anviwònman ki kòrèk pou pwosesis edikatif la, Komite Edikasyon Norwalk la ("Komite" a) entèdi pou yo mete rad sa yo pandan jounen lekòl la:

- Vès, djakèt, oswa nenpòt rad nou mete lè nou deyò. Rad nou mete lè nou deyò gen ladan l vès, djakèt, padesi, djakèt ki fèt ak nilon, jilè ki pa gen manch ak lòt rad administrasyon an panse ki pa apwopriye. Nou pa dwe mete, pote, oswa kite rad nou mete lè nou deyò nan sal klas la pandan lè lekòl nòmal.
- Kouvèti pou tèt sou nenpòt ki fòm li gen ladan l men li pa limite ak echap, banndana, mask, bando, vizyè, mouchwa, bando pou espò, chapo, kaskèt, oswa kapich. Nou pa dwe mete, pote, oswa kite kouvèti pou tè yo nan sal klas la pandan lè lekòl nòmal. Nou apwouve nan kad politik sa a kouvèti yon elèv mete pou pratik relijye oswa pou kwayans li, epi nou pa entèdi l lè li obligatwa nan kad pwotokòl sante ak sekirite. Nou pa dwe entèprete anyen nan politik sa kòm yon entèdiksyon pou kwafi pwotektè. "Kwafi pwotektè a" gen ladan l men li pa limite ak perik, bando, ak kwafi tankou très endividyèl, tikouri, cheve ki woule (Bantu knots), afwo ak afwo pouf.
- Nou dwe ranje atik ki site anwo a nan kazye elèv la ki sekirize oswa nan yon espas ki la pou ranje anvan kou yo kòmanse. Administrasyon an ap sezi atik ki pa ranje yo.
- Soulye ki kite tras atè a oswa ki reprezante yon danje pou sekirite a.
- Linèt solèy menm si ou mete l oswa ou pa mete l, sof si gen yon dokiman ki di gen yon pwoblèm medikal.
- "Name" oswa lòt sentiwon an metal ki gen gwo bouk ak sentiwon an metal oswa lòt sentiwon ki se konbinezon metal ak kui.
- Braslè ki gen pwent oswa ki gen klou, gwo bag oswa bag ki gen espas pou plizyè dwèt oswa nenpòt lòt atik ki gen pwent oswa klou pou tache, oswa nenpòt lòt atik ki ka reprezante yon risk pou sekirite elèv la, lòt elèv oswa pèsonèl.

- Rad oswa akseswa ki gen vilgarite, oswa ekriti oswa imaj ki kapab choke moun twòp oswa ki gen posibilite pou deranje anviwònman edikatif la.
- Rad oswa akseswa ki reprezante oswa sijere vyolans yon fason pou deranje anviwònman edikatif la, oswa ki kapab pwovoke lòt moun pou fè vyolans, oswa ki kapab lakòz lòt moun entimide paske yo pè vyolans, oswa ki reprezante "mo pou moun goumen", li gen ladan l men li pa limite ak rad oswa akseswa ki reprezante drapo Konfedere a epi/oswa kwa Nazi a.
- Rad oswa akseswa ki reprezante logo oswa anblèm ki ap ankouraje moun konsome dwòg, pwodui ki gen tabak, oswa bwason ki gen alkòl.
- Chemiz epi/oswa kòsaj ki pèmèt moun wè lestomak, pwatrin, oswa souvètman yo.
- Rad transparan, ti bout mayo, oswa chemiz san manch.
- Ti bout pantalon, ti bout jip, oswa pantalon ki pèmèt moun wè bout anwo kuis lan oswa souvètman yo Nou otorize rad ki fèt an elastik yo (spandex) sèlman si yo gen yon pantalon oswa jip ki kouvri l.
- Nou kapab pote aliz lekòl epi/oswa katab yo pou ale an kou yo, men yo pa dwe deranje sekirite nan pasaj la nan sal klas ak nan koulwa yo.

Elèv ki pa respekte politik ak regilasyon Komite a konsènan fason elèv yo dwe abiye kapab sibi yon sanksyon disiplinè ki ka rive jiska ekspilsyon, dapre politik Komite a sou disiplin elèv yo.

Fason Elèv yo Itilize Aparèy Teknoloji Prive

Elèv yo kapab gen aparèy teknoloji prive ki pou yo nan espas lekòl la epi/oswa pandan aktivite lekòl la esponnsorize, dapre sa ki di nan politik sa a ak nenpòt regilasyon administratif Direktè Lekòl la devlope.

Resous teknoloji komite a: Li fè referans ak òdinatè ak teknoloji pedagojik Komite Edikasyon an ("Komite" a), sistèm kominikasyon ak jesyon done, teknoloji enfòmasyon ak entènèt, ak nenpòt lòt resous teknoloji ki se pwopriyete epi/oswa distri eskolè a ap itilize epi ki aksesib pou elèv yo.

Aparèy teknoloji ki se pwopriyete prive: Li fè referans ak òdinatè pou biwo ki se pwopriyete prive, ekipman elektwonik pòtab epi/oswa ki san fil ki kapab itilize pou tretman word, aksè ak entènèt san fil, pou pran imaj ak anrejistre, anrejistre son, transmèt epi/oswa resevwa enfòmasyon, konsève, elatriye. Aparèy sa yo ka gen ladan l men li pa limite ak òdinatè biwo, laptòp pèsonèl, Esmatfòn, aparèy pou gen aksè ak rezo, Kindles, Nooks, telefòn selilè, radyo, lektè odyo pèsonèl, I-Pads oswa lòt òdinatè tablèt, talkies-walkie, Blackberries, asistan pèsonèl pou done, I-Phones, Androids, ak lòt aparèy siyalizasyon elektwonik.

Nou pa ka itilize aparèy teknoloji ki se pwopriyete prive pandan lè kou yo, sof si pèsonèl anseyan otorize l yon fason espesifik, oswa sof si li nesesè pou yon elèv gen aksè ak platfòm ansèyman nimerik disri a, oswa li nan yon aprantisaj a distans.

Nan espas lekòl la, nan yon aktivite lekòl la esponnsorize, pandan yon aktivite aprantisaj a distans, oswa pandan aksè oswa itilizasyon resous teknoloji komite a, li entèdi pou nou itilize nenpòt nan aparèy sa yo pou rezon ki pa otorize. Rezon ki pa apwopriye yo gen ladan l men li pa limite ak:

- Voye nenpòt fòm mesaj tizonnaj, menas, oswa entimidasyon nenpòt kilè bay nenpòt moun (yon kominikasyon konsa ka yon krim tou);
- Gen aksè oswa chèche gen aksè ki pa otorize nan resous teknoloji komite a;
- Domaje Resous teknoloji komite a;
- Gen aksè oswa chèche gen aksè nan nenpòt materyèl ki vilgè, vilgè pou minè, oswa ki gen pònografi;
- Asèlman ki fèt anliy
- Lè nou itilize aparèy sa yo pou vyole nenpòt règ lekòl la, li gen ladan l anrejistreman ki pa otorize (fotografi, videyo, oswa odyo) yon lòt moun san otorizasyon moun lan oswa yon manm pèsonèl lekòl la; oswa
- Fè nenpòt aksyon Lwa Federal oswa Lwa ki nan Eta a entèdi.

Rechèch nan Aparèy Teknoloji Ki Se Pwopriyete Prive

Nou kapab fouye aparèy teknoloji ki se pwopriyete prive elèv la si aparèy la sou pwopriyete komite a, oswa si elèv la genyen l nan men l pandan yon aktivite lekòl la esponnsorize, epi si gen rezon ki valab pou sispèk fouy lan ap pèmèt nou jwenn prèv ki montre elèv la te vyole oswa ap vyole swa lalwa oswa règleman lekòl la. Nenpòt kalite fouy ki fèt pou rezon sa dwe gen rapò ak objektif rechèch la, epi li pa dwe fèt yon fason eksesif epi ki deranje selon laj ak sèks elèv ak kalite enfraksyon li fè a.

Responsabilite pou Aparèy Teknoloji Ki Se Pwopriyete Prive

Elèv yo gen responsabilite pou sekirite ak itilizasyon aparèy teknoloji ki se pwopriyete prive yo. Si gen yon aparèy teknoloji ki se pwopriyete prive yo vòlè, ki pèdi, oswa ki deranje pandan aparèy la nan espas lekòl la oswa pandan yon aktivite lekòl la esponnsorize, nou dwe siyale l bay direktè etablisman an, ki pral mennen ankèt sou pèt la yon fason konsistan dapre pwosedi ki gen rapò ak byen yo vòlè oswa ki pèdi. Elèv ak paran yo dwe konnen Komite a paresponsab pou okenn aparèy teknoloji ki se pwopriyete prive yho vòlè, ki pèdi, oswa ki deranje pandan aparèy la nan espas lekòl la oswa pandan yon aktivite lekòl la esponnsorize. Pou rezon sa a, nou konseye elèv yo pou yo pa pataje oswa prete aparèy teknoloji ki se pwopriyete prive avèk lòt elèv yo.

Aksyon Disiplinè

Nou p ap tolere epi kapab gen sanksyon disiplinè si nou fè yon move itilizasyon ak resous teknoloji Komite a epi/oswa si nou itilize aparèy teknoloji ki se pwopriyete prive pou gen aksè oswa itilize resous teknoloji Komite a yon fason ki pa apwopriye, epi itilize aparèy sa yo nenpòt fason ki pa koresponn avèk politik sa a. Pou elèv yo, yon vyolasyon politik sa a ka lakòz yo pèdi aksè ak privilèj yo, gen entèdiksyon pou itilize epi/oswa gen aparèy teknoloji ki se pwopriyete prive nan espas lekòl la oswa nan aktivite lekòl la esponnsorize, epi/oswa gen yon sispansyon oswa ekspilsyon dapre politik komite a ki gen rapò ak disiplin elèv.

Aksè ak Resous Teknoloji Komite a

Komite a ka pèmèt nou itilize aparèy teknoloji ki se pwopriyete prive pou gen aksè ak òdinatè ak teknoloji ansèyman yo, sistèm kominikasyon ak jesyon done, teknoloji enfòmasyon ak entènèt, ak nenpòt lòt resous teknoloji ki se pwopriyete epi/oswa distri eskolè a ap itilize epi ki aksesib pou elèv yo. Anplis, Komite a ap atann pou elèv ki gen aksè ak resous sa yo pandan y ap itilize aparèy teknoloji ki se pwopriyete prive aji tout tan yon fason ki apwopriye, epi ki respekte tout sa ki di nan politik ki aplikab konsènan itilizasyon teknoloji, ansanm ak tout lwa lokal, lwa ki nan eta a ak lwa federal yo.

Atravè piblikasyon ak difizyon deklarasyon politik sa a ak lòt pwen ki gen rapò ak itilizasyon sistèm enfòmatik Komite a, ansanm ak lòt mwayen ansèyman, komite a vle enfòme elèv yo sou atant Komite a pou itilizasyon teknoloji.

Nou dwe itilize resous teknoloji komite a sèlman pou gen aksè ak enfòmasyon edikatif epi pou fè pwomosyon aktivite aprantisaj alafwa lakay ak nan lekòl la. Nou ap atann pou elèv yo toujou aji yon fason ki apwopriye epi ki koresponn nèt avèk politik ki aplikab konsènan itilizasyon teknoloji, ansanm ak lwa lokal, lwa nan eta a, ak lwa federal yo lè n ap itilize resous teknoloji komite a. Lè nou pa respeske yo li kapab lakòz konsekans ki dekri nan dokiman sa a ak nan lòt politik ki aplikab yo (li gen ladan l men li pa limite ak Plan pou Anviwònman Eskolè ki San Danje, Politik Disiplinè pou Elèv, ak Politik pou Itilizasyon Òdinatè).

Elèv yo dwe respekte pwosedi ki dekri nan politik sa a ansanm ak tout politik ak regilasyon ki aplikab ki dekri nan politik sa a sou itilizasyon òdinatè Komite a ak lòt politik ki aplikab. Elèv yo ap resevwa enfòmasyon espesifik sou pwosedi koneksyon ak aksè pou itilize kont lekòl la. Okenn itilizatè pa gen dwa pa respekte pwosedi koneksyon ak aksè pou konekte a. Nou enfòme elèv yo administratè rezo Komite a gen kapasite pou itilizatè yo epi kontwole tout aparèy teknoloji ki se pwopriyete prive lè yo konekte sou rezo a. Elèv yo dwe konprann Komite a rezève l dwa pou siveye resous teknoloji komite a, epi yo kapab fè sa malgre yo bay chak itilizatè yon modpas endividyèl pou sekirite sistèm lan. Tout sistèm modpas komite a fèt sèlman pou sekirize sistèm lan kont itilizatè ki pa otorize, men li pa fèt pou bay itilizatè endividyèl la konfidansyalite. Nou kapab kontounen aspè sekirite sistèm la, fonksyon pou efase mesaj, ak modpas pèsonèl nan objektif pou kontwole. Poutèt sa, elèv yo dwe okouran yo pa dwe atann ak pwoteksyon vi

prive lè y ap itilize aparèy teknoloji ki se pwopriyete prive pou yo gen aksè ak resous teknoloji komite a. Dispozisyon sa a aplike pou nenpòt ak tout itilizasyon ki fèt nan resous teknoloji Komite a a nan nenpòt aparèy teknoloji ki se pwopriyete prive ki gen aksè menm jan an.

Domaj ki rive nan Resous Teknoloji Komite a

Tout aksyon yon elèv ki ap itilize aparèy teknoloji ki se pwopriyete prive epi ki deranje resous teknoloji Komite a oswa ki konpwomè entegrite resous teknoloji Komite a pral konsidere kòm vandalis epi ap en sanksyon disiplinè, epi/oswa aksyon kriminèl oswa sivil ki apwopriye a.

Elèv ki ap Konsome Dwòg ak Alkòl

Komite Edikasyon Norwalk ("Komite" a) gen obligasyon dapre lwa Connecticut pou li bay règleman pou jesyon ak disiplin lekòl li yo. Dapre manda sa a, itilizasyon ki pa legal, lavant, distribisyon oswa posesyon dwòg ki kontwole, sibtans ki kontwole, akseksw pou konsomasyon dwòg, jan li defini nan Lwa Jeneral Connecticut Seksyon 21a-240 oswa pou alkòl nan espas lekòl la oswa ki pa nan lekòl la, oswa nan nenpòt aktivite lekòl la esponnsorize entèdi. Politik komite a se pou li pran desizyon pozitif atravè edikasyon, sèvis konsèy, disiplin, enplikasyon paran, referans medikal, ak referans pou fòs lòd yo lè sa apwopriye pou jere ensidan nan lekòl ki enplike posesyon ki pa legal, distribisyon, lavant oswa itilizasyon sibstans ki afekte konpòtman an. Nenpòt elèv ki nan Norwalk Public Schools ki ap itilize, konsome, ki posede, ki sou enfliyans, ki ap fè, distribiye, vann, oswa ede moun jwenn dwòg ki kontwole, sibstans ki kontwole, akseksw pou konsomasyon dwòg oswa alkòl swa nan espas lekòl oswa ki pa nan lekòl la, oswa nan aktivite lekòl la esponnsorize, sof si itilizasyon sa a respekte Lwa Jeneral Connecticut ki nan atik § 21a-408a atravè atik 408q kapab resevwa sanksyon disiplinè ki kapab ale jiska ekspilsyon dapre politik Komite sou disiplin elèv.

SEKSYON 4

Sistèm Eskolè

Tout lekòl ki nan Norwalk Public Schools gen obligasyon pou gen sistèm ak komite eskolè ki anplas nan lekòl yo a. Se responsabilite direktè a pou asire l sistèm ak komite eskolè etabli epi li ap fonksyone pou ede ede kenbe yon anviwònman eskolè ki gen lòd.

Reyaji ak Ensidan Konpòtmantal

Fason pou Jere Konpòtman nan Salklas la fas ak Fason pou Jere l nan Biwo a

Nou ankouraje administratè yo pou fasilite devlopman fòmayon pwofesyonèl avèk pèsonèl yo pou detèmine ki konpòtman yo pral konsidere kòm konpòtman ki dwe "jere nan sal klas la" ak ki konpòtman ki dwe "jere nan biwo". Nou souvan tande pale sou konpòtman "minè" ak "majè", kote sa ki minè yo jere nan sal klas la epi sa ki majè yo, ki se konpòtman ki grav anpil, jere nan biwo a.

Nou ap atann pou pwofesè yo etabli abitid ak pratik nan sal klas yo, epi abitid ak pratik sa yo dwe gen ladan l règleman oswa atant ki konsantre sou jesyon konpòtman. Lekòl PBIS yo dwe deja gen twa (3) jiska senk (5) atant konpòtmantal ki senp epi ki klè, oswa règleman nan lekòl la ki kapab aplike nan sal klas la. Pwofesè yo dwe gen konsekans ki ap ogmante ak estrateji pa ankouraje konpòtman ki pa apwopriye a yon fason pwoaktif. Estrateji sa yo ka gen ladan l men li pa limite ak inyorans planifye, redireksyon, teknik pwoksimite, ak lòt estrateji nou dekri anvan.

Nou ap atann pou pwofesè yo jere poukont yo konpòtman minè nan nenpòt etablisman eskolè. Konpòtman sa yo ka gen ladan l moulen chiklèt, defyans minè, itilizasyon telefòn, ak deranjman minè (pa egzanp, rele, pale nan klas, ak frape yon kreyon sou yon biwo).

Konpòtman majè yo se konpòt nou dwe jere nan biwo. L i kapab gen ladan l, men li pa limite ak goumen, deranjman majè pou anviwònman aprantisaj la, rate kou, ak soti nan sal la san pèmisyon. Li rekòmande pou administrasyon an etabli yon chèn kòmandman sou fason li pral reponn ak kalite ensidan yo, epi dokimante entèvansyon li itilize pou reponn ak konpòtman sa yo. Nan kèk etablisman teknisyen konpòtmantal la kapab abòde pwoblèm konpòtmantal yo; sepandan teknisyen konpòtmantal la pa gen otorizasyon pou sispann elèv yo, epi nou ankouraje yo pou mande administrasyon èd pou nenpòtkesyon yo gen dout. Pa egzanp, yon teknisyen konpòtmantal kapab bay yon retni nan lè goute a pou yon elèv ki t ap fè rebèl, men si elèv montre li agresif fizikman avèk yon elèv oswa yon manm pèsonèl la, teknisyen konpòtmantal la dwe konsilte yon administratè pi bonè ki posib. Yon elèv pa dwe gen yon sispansyon ki pa fèt nan lekòl la san pa gen dokiman ki di yon fason ki klè gen lòt entèvansyon ki te fèt anvan.

Pèsonèl lekòl la dwe etabli konpòtman minè fas ak konpòtman majè konsa atan yo klè ak konsistan. Li kapab fèt avèk pèsonèl nan yon reyinyon pwofesè nan kòmansman ane a oswa pandan yon sesyon devlopman pwofesyonèl anvan lekòl la ouvri. Epitou, li ap pèmèt nou bay pwofesè ak administratè yo responsabilite pou yo kapab konnen ki atant administratè yo genyen sou jesyon sal klas la, ak ki atant pèsonèl la genyen parapò ak administrasyon an.

Mete Yon Elèv Deyò Nan Klas la

Gen yon moman ki rve nou ka bezwen retire yon elèv nan yon salklas oswa nan yon lòt etablisman eskolè akoz pwoblèm sekirite oswa paske li ap kontinye deranje anviwònman aprantisaj la. Nou ap atann pou lekòl la etabli rekòmandasyon sou pwosedi ki di kòman nou ap retire elèv la nan etablisman an. Men yon egzanp: Yon pwofesè pa kapab kontinye anseye akòz yon elèv ki kontinye ap deranje l. Pwofesè a rele biwo a. Pèsonèl biwo a rele yon ajan sekirite atravè yon radyon oswa yon teknisyen konpòtmantal pou asiste entèvansyon an. Si manm pèsonèl la pa kapab asire l elèv la ap respekte lwa yo, li ap mande elèv la pou li ale ak pwòp volonte l nan yon espas ki la pou sa. Pèsonèl la ap pale avèk elèv la sou atant nan kesyon

konpòtman, li ap pale sou konpòtman altènatif, epi lè li konsidere elèv la pare pou tounen, yo ap rele pwofesè a pou asire pwofesè a pare pou elèv la retounen. Sa a enpòtan paske nou te kalme elèv la, epi pwofesè a ka pa fizikman oswa emosyonèlman pare pou elèv la retounen, sa ki ka lakòz elèv la gen menm konpòtman an ankò. Nou ap atann pou fonksyon esansyèl entèvansyon an se ogmante tan ansèyman an; poutèt sa, elèv la pa gen pou l rete deyò klas pandan plis tan ki nesesè. Tanpri remake 90 minit konstitiye yon sispansyon ki fèt anndan lekòl la

Ekip ki la pou Kriz

Nan sitiyasyon kote yon elèv ka ap viv yon sitiyasyon kriz, yon ripti emosyonèl, epi/oswa li angaje l nan konpòtman ki danjere anpil (pa egzanp, li ap blese pwòp tèt li, li gen ide pou tiye tèt li, konpòtman agresif, domaj sou pwopriyete ki grav), nou ap atann pou lekòl yo etabli yon pwotokòl sekirite pou jere sitiyasyon sa yo. Teknisyen konpòtmantal yo dwe gen yon fòmasyon nan Entèvansyon pou Prevansyon Kriz (Crisis Prevention Intervention , CPI) pou Entèvansyon ki pa Vyolan Nan Sitiyasyon Kriz, kòm yon kondisyon pou yo jwenn travay la, epi yo dwe konprann entèvansyon fizik la se vrèman dènye solisyon an. Travayè sosyal yo dwe konnen pwotokòl la epi yo kapab jwe yon wòl nan ekri ak mete pwotokòl sa sou pye

Pwotokòl sou kriz sa a dwe gen ladan l rekòmandasyon konsènan ki etap pou entèvansyon kriz la ki dwe pran. Pwosedi a dwe gen ladan l enfòmasyon ki di konbyen tan entèvansyon an ta dwe pran anvan nou kontakte sèvis mobil pou ijans sikyatrik. Nou dwe gen otorizasyon paran oswa responsab legal la anvan nou kontakte sèvis mobil kriz la, men se pa pou transpò medikal. Nou rekòmande anpil pou lekòl la kontakte paran oswa responsab legal la nan nenpòt ka pou mete yo okouran sou etap yo epi pou asire sekirite elèv la.

Pwosedi pou Entèvansyon nan yon Kriz Ki Fèt San Vyolans

Nan objektif pou nou ofri yon anviwònman ki san danje pou elèv yo, nou te etabli yon pwosedi pwotokòl pou pèsonèl la reponn ak elèv ki gen konpòtman ki agresif anpil epi ki pa sekiritè. Se yon zouti pou entèvansyon ki fèt san danje, epitou li se yon gid pou jesyon kriz ki pou tout pèsonèl la.

Pwofesè oswa manm pèsonèl la rele biwo prensipal epi li mande entèvansyon yon teknisyen konpòtmantal oswa yon lòt manm pèsonèl ki deziyen.

1. Si timoun lan agresif fizikman epi gen posibilite pou li se yon danje pou lòt elèv oswa pèsonèl la, nou mande pèsonèl la pou li rele biwo prensipal la epi mande pou yon ajan sekirite lekòl la (school safety officer, SSO) entèvni, pandan li ap dekri tout kout rezon apèl la. Pa egzanp, “Johnny ap voye chèz yo atè.”

2. Teknisyen konpòtmantal la, lòt adilt ki gen lyen avèk elèv la, oswa SSO a mennen elèv la nan yon espas ki san danje, epi li eseye kalme l pandan li ap pale avèk li, oswa li ap ede nan fè lòt elèv yo sòti nan espas la pou ogmante sekirite epi retire odyans lan.

3. Rele pèsonèl ki gen pi bon rapò oswa relasyon avèk moun lan pou eseye kalme l pandan li ap pale avèk li.

4. Si li kontinye gen yon konpòtman fizik ki agresif, pèsonèl la dwe itilize diskresyon pou fè yon entèvansyon fizik dapre sa ki nan “Politik pou Itilizasyon Fòs.” Men konsidere pwen sa yo anvan:

5. Si gen 15 minit ki pase epi elèv la kontinyerete nan eta kote li pa kalme, nou mande pèsonèl la pou li kontakte travayè sosyal lekòl la (school social worke, SSW) pou li fè yon entèvansyon epi pou li ranpli yon evalyasyon risk. (Gade nan Politik ak Pwotokòl pou Suisid ak Fòm Evalyasyon pou Risk pou lide, plan, tantativ Suisid ak Omisid).

6. Si li kontinye pa kalme l, pèsonèl la kontakte enfimyè lekòl la. Enfimyè a evalye sekirite a, epi ekip la pale sou pwochèn etap la tankou yon egzamen BIP, ak patisipasyon tout pèsonèl ki disponib epi ki ofri sèvis pou elèv la (pa egzanp parapwofesyonèl, pwofesè ELL, jesyon ka pou edikasyon espesyal).

7. Nou kontaktè administratè yo epi nou enfòme yo sou sitiyasyon epi nou mande pou yo patisipe.

8. Nou kontakte paran an epi nou enfòme l sou ensidan an ak estrateji entèvansyon yo avèk yon rezime evalyasyon ekip la fè, apresa nou di l senaryo ki posib yo (pa egzanp, transpò medikal, mobil pou kriz).

9. Si elèv la pa kapab gen yon konpòtman ki san danje, trete avèk pèsonèl, epi li kontinye montre li fizikman agresif, ekip la fè evalyasyon an kèlkeswa repons ki apwopriye a (pa egzanp, entèvansyon paran, transpò medikal, mobil pou kriz).

Tout etap nou ekri anwò a rete nan diskresyon ekip la, epi li ka varye nan sitiyasyon kote nou dwe aji pou chak ka. Nou dwe itilize pi bon jiman nou lè nou ap evalye sitiyasyon ak rezilta yo. Sekirite se objektif prensipal pou pwosedi sa a

Sistèm Disiplinè Pwogresif

Nou ankouraje administratè yo pou yo itilize yon disiplin pwogresif lè y ap abòde ensidan konpòtmantal ki ap kontinye. Yo dwe itilize estrateji disiplinè ki apwopriye ak devlopman elèv la lè y ap egzaminen dosye disiplinè elèv ki enplike nan ensidan an. Aksyon administratif la dwe ogmante pou chak ensidan epi li dwe egzaminen pou sipò ak entèvansyon pandan trajè a. Nou ap atann pou administrasyon an egzaminen tout Referans sou Ensidan an, epi ankouraje pèsonèl la pou dokimante sou konpòtman an.

Administrasyon an pral itilize Referans sou Ensidan an pou detèmine ki aksyon administratif ki pi apwopriye, epi pou suiv fason konpòtman an evolye ak sipò ak entèvansyon pwofesè a. Pa egzanp, yon administratè ap fè fas ak yo Referans pou Ensidan yon elèv ki te enplike yon batay fizik avèk yon lòt elèv. Administratè a ap pran tout papye ki sou Referans pou Ensidan an ansanm ak nenpòt done enpòtan sou elèv yo. Apre li fin egzaminen l li kapab wè elèv la gen konpòtman agresyon fizik avèk kamarad li yo. Apre yon egzamen ki ale pi lwen, li jwenn nou te deja fè yon reyinyon avèk paran an, epi elèv la te gen yon retni kote li pa t al pran goute l ak yon retni apre lekòl kòm konsekans pou move konpòtman ki te kontinye ap ogmante. Nan nivo sa a, administratè a chwazi pou li bay elèv la yon sispansyon ki fèt anndan lekòl la (ISS) pou yon jou. Ensidan ki fèt apre a ka la mennen yon ISS pandan de (2) jou, sa ki vin apre a ap yon ISS pandan twa (3) jou, pwochen an ap yon sispansyon ki pa fèt anndan lekòl la, elatriye.

Evalyasyon Fonksyonèl Sou Konpòtman ak Plan Entèvansyon sou Konpòtman (FBA/BIP)

Pou elèv ki gen plizyè Referans pou Ranvwa oswa ki kwonik, lekòl la responsab pou li mete sou pye entèvansyon ak sipò pou elèv la, pou evite lòt ensidan epi/oswasispansyon. Administratè a ka mande pwofesè a pou li konsilte yon edikatè espesyalize ak lòt manm ekip la (teknisyen konpòtmantal, SSW) pou devlope Plan pou Sipò sou Konpòtman oswa yon plan Jesyon Amelyore pou Sal Klas la, epi si sa posib yon Plan Sekirite anvan pwosesis fòmèl pou Evalyasyon Fonksyonèl sou Konpòtman (Functional Behavioral Assessment, FBA) ak yon Plan Entèvansyon sou Konpötman (Behavior Intervention Plan, BIP). Paran oswa responsab legal yo dwe bay konsantman pou FBA ak entèvansyon BIP epi yo dwe enplike nan fason y ap mete l sou pye. Si Referans pou Ensidan an kanpe epi konpòtman an diminye oswa disparè, nou ap konsidere plan an efikas. Si elèv la pa montre li fè pwogrè, administratè a mande yon verifikasyon BIP a. Si li posib BIP a ka bezwen mete sou pye ankò oswa chanje pou asire li fè siksè. Tout pati ki enplike yo dwe rasanble done nan yon sik ki sòti nan kat (4) jiska sis (6) semèn pou evalye efikasite a oswa pou itilize nan yon pwosesis SAT oswa PPT ki ap fèt apre.

Tanpri remake sa nou di anwo a pa reflete yon pwotokòl egzak sou sa ki obligatwa pou Norwalk Public Schools. Tanpri konsilte pèsonèl edikasyon espesyalize ou a pou kapab gen plis enfòmasyon sou lwa ak politik ki aplikab pou FBA/BIP, oswa ou ka kontakte Depatman pou Edikasyon Espesyalize Norwalk Public Schools la pou jwenn plis èd.

Egzanp sou Pwosedi Ranvwa pou yon Ensidan

1. Ranpli yon Referanspou Ensidan: Asire w tout enfòmasyon demografik yo kòrèk dapre pi bon enfòmasyon ou genyen. Mete lè ak adrès egzak la Pa egzanp, si ensidan an tepase a 9am epi nou te konplete Referans pou Ensidan an a 10am, asire nou mete 9am nan LÈ olye nou mete lè nou teranpli Referans pou Ensidan an. Tanpri verifye TOUT ensidan minè oswa majè enpòtan ki gen rapò ak ensidan an. Verifye TOUT aksyon pèsonèl ki apwopriye a, epi ranpli Rezime sou Evènman yo ak seksyon sou Mezi Korektif ki nan fòm lan

2. Lè nou fin ranpli Referans pou ensidan an, nou dwe voye l oswa pran l DIRÈKTEMAN NAN MEN YON MANM PÈSONÈL KI DEZIYEN Administratè a gen 72 èdtan pou reponn oswa kominike reziltafinal la bay pèsonèl la.

3. Administratè a jere Referans sou Ensidan an dapre modèl sou disiplin pwogresif la.

4. Delè pou referans lan egzekite dwe 72 èdtan, epi nou dwe kontakte nan menm jou a paran oswa responsab legal yo pou TOUT ensidan, menm si lekòl la toujou nan pwosesis envestigasyon.

5. Done ki gen rapò ak disiplin la ap disponib yon fason elektwonik, si oswa lè pwofesè a fè teknisyen konpòtmantal ak jesyonè operasyon an demann lan atravè PowerSchool.

Chak lekòl gen yon komite sou Kilti ak Klima nan Lekòl la ki verifye Referans sou Ensidan ak tandans disiplinè yo epi li ofri sijesyon pou amelyore l ak estrateji sou fason pou amelyore klima ak kilti nan Lekòl la dapre egzamen done yo. Komite a rankontre omwen chak mwa. Gen anpil lekòl ki entegre Komite disiplinè a nan komite pou Kilti ak Klima nan Lekòl la, yo egzaminen fason yo mete PBIS ak RAP la sou pye, lè li enpòtan.

(Gade nan Anèk 1 pou Fòm pou Depoze Plent pou Entimidasyon nan Norwalk Public Schools)

Komite pou Prezans

Chak lekòl dwegen yon Komite oswaEkip pou Prezans ki gen responsabilite pou li gade done ki gen rapò ak prezans epi pale sou enkyetid yo genyen pou elèv ki absan oswa ki ka absan yon fason kwonik. Ekip oswa komite dwe rankontre omwen chak trimès, epi li rekòmande pou nou rankontre yon fwa pa mwa pou idantifye elèv ki bay enkyetid konsènan absans ki ap ogmante. Nou rekòmande pou rankontre yon fwa pasemè pou lekòl ki gen pousantaj absans nan distri a ki pi plis pase mwayèn lan. Komite a dwe kreye estrateji epi devlope pwosedi pou kominike avèk paran oswa responsab legal yo sou enkyetid yo genyen pou absans yo, fè paran yo sonje atant ki genyen pou prezans elèv ak lwa ki genyen sou absans ki fèt san avètisman, idantifye obstak ki anpeche l prezan, epi travay ansanm avèk paran oswa responsab legal yo pou ofri yo sipò ki ap ede yo simonte obstak sa yo. Epitou Komite a dwe okouran sou pwosedi ranvwa nan Biwo Sèvis Jenn yo ak ranvwa nan Depatman pouTimoun ak Fanmi pou neglijans edikatif.

SEKSYON 5

Ensidan Disiplinè

Nou konpile nan seksyon sa a yon lis ensidan disiplinè ki kapab rive (yo separe an Nivo 1, 2 ak 3) epi yo baze sou egzamen ensidan konpòtmantal elèv ki pase alafwa nan Norwalk Public Schools ak nan lòt distri eskolè Connecticut.

Menm si lis la gen tout enfòmasyon , **nou pa dwe konsidere l tankou li definitif**. Poutèt sa, gen lòt sikonstans ki ka rive, nou pa ajoute nan lis sa a. Nan ka sa yo, ekip disiplinè a dwe aplike nòm yo jan li dekri nan twa (3) nivo nou ofri yo lè li gen rapò ak aksyon disiplinè. Pou tout ka nou site anba a, administratè yo okouran lalwa egzije dokiman sou ensidan an, epi pou rezon sa a pou pi piti ensidan, enfraksyon ak sipò dwe anrejistre nan PowerSchool. **Nan tout ka kote gen yon Sispansyon Ki Pa Fèt Anndan Lekòl la oswa yo ap konsidere yon mezi ki pi grav pase sa ki site yo, ou dwe ranpli yon Fòm Demann pou Mezi Administratif epi soumèt li bay Sipèvizè Sekirite a anvan biwo a fèmen jou ensidan an pou apwobasyon an.**

Objektif dokiman sa a se adrese bay administratè yo ak pèsonèl la tout konpòtman ki ap deranje pwosesis aprantisaj la, pa egzanp fimen, konpòtman chokan, vilgarite, elatriye. Nan ka sa yo gen entèvansyon ki dwe fèt pou rezoud konpòtman sa yo epi fè elèv la konprann li dwe suiv règ yo. Nan ka kote yon elèv refè ensidan sa yo epi entèvansyon ki te fèt anvan an pa fè siksè, nou mande pou administratè lekòl la aplike yon repons ki pi estrik.

Ensidan ki nan Nivo 1

Konpòtman ki dezòdone oswa ki deranje epi/oswa dezobeyisan- **Tout enfraksyon ki nan nivo en (1) dwe gen yon sipò dokimante ki anrejistre nan PowerSchool.**

Kòd	Kalite Ensidan	Deskripsyon	Konsekans ki Posib
3628	Konpòtman ki Deranje	Deranje pwosesis edikatif la; oswa ki lakòz yon deranjman nan koulwa, kafeterya, oswa lòt kote nan lekòl la.	Yon (1) jou ranvwa nan sal klas la- twa (3) jou ISS
3630	Vyolasyon politik prezans lan	Vyolasyon politik ki gen rapò ak prezans pou eta, lekòl oswa distri a.	Kontak pou paran Reyinyon pou paran Oryantasyon pou sèvis
3631	Rate kou oswa Koupe nan Lè Kou	Absans san avètisman pou klas la	Yon (1) jou retni Yon (1) jou ISS
3632	Reta	Dapre politik NPS	Yon (1) jou retni- Yon (1) jou ISS
3633	Absans nan jou lekòl la san avètisman	Dapre politik NPS	Kontak pou paran Reyinyon pou paran Oryantasyon pou sèvis
3635	Kite lakou lekòl la	Kite lakou lekòl la san otorizasyon	Yon (1) jou retni Yon (1) jou ISS
3638	Vyolasyon Kòd Vestimantè	Dapre politik NPS	Yon (1) jou retni Yon (1) jou ISS
3639	Rantre yon kote san otorizasyon	Rantre san otorizasyon nan pwopriyete NPS	Yon (1) jou retni - Twa (3) jou OSS
3640	Mwayèn ki fèb	Gen yon pakèt zewo oswa lòt nòt ki pa akseptab.	Kontak pou paran Reyinyon pou paran Oryantasyon pou sèvis
3646	Ranvwa pou move konpòtman	Vyolasyon Gid Entèvansyon pou Konpòtman NPS	Yon (1) jou retni- Yon (1) jou ISS
3647	Mete Deyò nan Kou a	Mete Deyò nan Kou a paske li ap deranje pwosesis edikatif la	Yon (1) jou retni- Yon (1) jou ISS
3648	Soti nan klas san yo pa bay pèmisyon	Mete Deyò nan Kou a paske li ap deranje pwosesis edikatif la	Yon (1) jou retni- Yon (1) jou ISS
3652	Deranje/pran plezi sou moun	Deranje/pran plezi sou moun.	Yon (1) jou retni- Yon (1) jou ISS
3654	Vann pwodui ki pa apwopriye	Vann ti bonbon ki pa apwopriye, oswa lòt materyèl (ki pa gen ladan l	Kontak pou paran

		medikaman, preskripsyon medikaman, bagay moun yo vòlè, oswa lòt kontrebann).	Reyinyon pou paran
3655	Jete fatra atè	Jete fatra atè	Yon (1) jou retni Yon (1) jou ISS
3670	Itilize òdinatè yo san otorizasyon	Dapre politik NPS	Yon (1) jou ranvwa nan sal klas la Twa (3) jou ISS
3671	Vyolasyon pou telefòn	Dapre politik NPS	Yon (1) jou ranvwa nan sal klas la Yon (1) jou ISS
3680	Manje nan espas ki pa otorize	Manje nan espas ki pa otorize	Konferans elèv- Yon (1) jou retni
3689	Pale anpil anpil	Pale anpil anpil	Konferans elèv- Yon (1) jou retni
3690	Pa fè tach yo mande pou fè	Pa fè tach yo mande pou fè	Konferans elèv- Referans pou sèvis
3830	Posesyon tabak ak/oswa nikotin Pou "itilizasyon" gade nan politik 3831 (Tanpri gade nan ED166 pou diferan kalite yo)	Posesyon pwodui ki gen tabak oswa nikotin nan espas lekòl la (sigarèt, sigarèt elektwonik, chiklèt ki gen tabak)	Yon (1) jou retni Yon (1) jou ISS

Ensidan ki nan Nivo 2

Konpòtman nou pa konsidere ki vyolan, men ki mete an danje sekirite, moral, sante oswa byennèt lòt moun yo. **- Tout enfraksyon ki nan nivo de (2) dwe gen pou pi piti de (2) sipò dokimante ki anrejistre nan PowerSchool.**

Kòd	Kalite Ensidan	Deskripsyon	Konsekans ki Posib
1430	Lè w gen bagay moun yo te vòlè	Lè w gen bagay moun yo te vòlè	Yon (1) jou ISS—Twa (3) jou OSS
1431	Vann oswa entansyon pou vann bagay moun yo te vòlè	Vann oswa entansyon pou vann bagay moun yo te vòlè	Yon (1) jou OSS—Senk (5) jou OSS
1711	Diskisyon nan bouch	Patisipasyon nan yon ensidan ki gen ladan l konfwontasyon ki fèt nan bouch (pa egzanp nou ap rele sou youn lòt, rèl, elatriye)	Yon (1) jou ranvwa nan sal klas la- Yon (1) jou ISS

1713	Akseswa pou goumen	Ede goumen an fèt yon fason ki pa vyolan (siveye moun, anrejistre goumen an, pa avèti administrasyon gen yon goumen k ap fèt)	Yon (1) jou ISS—Twa (3) jou OSS
1730	Voye yon objè (grav)	Endike ki kategori objè li te voye a nan kategori zam yo. Itilize kategori sa a si gen yon viktim ki gen nenpòt nivo blesi.	Yon (1) jou ISS—Twa (3) jou OSS
1800	Tizonnay	Kreye yon anviwònman aprantisaj (travay) ki entimidan oswa ki fè pè	Yon (1) jou ISS—Twa (3) jou OSS
2800	Bagay ki fo	Genyen nan men l nenpòt lajan ki fo avèk entansyon pou distribiye ak/oswa itilize. Lapolis oswa pèsonèl sekirite a dwe enplike.	Yon (1) jou ISS—Twa (3) jou ISS
2801	Posesyon lajan ki fo	Posesyon fo biyè. Lapolis oswa pèsonèl sekirite a dwe enplike.	Yon (1) jou ISS—Twa (3) jou ISS
3510	Destriksyon byen pèsonèl	Destriksyon byen pèsonèl	Yon (1) jou ISS—Twa (3) jou OSS
3500	Vandalis	Destriksyon oswa degradasyon byen lekòl la ak tout volonte	Yon (1) jou ISS—Twa (3) jou ISS
3601	Dezobeyisans/mank Respè	Refize soumèt ak otorite, refize reponn ak yon demann rezonab, oswa lòt sitiyasyon kote elèv la dezobeyi	Yon (1) jou ranvwa nan sal klas la- Twa (3) jou ISS
3604	Kopye	Jwenn, oswa eseye jwenn, nòt pou yon travay yon fason ki pa onèt oswa ki pou twonpe	Yon (1) jou retni Twa (3) jou ISS
3605	Fo pyès	Fè yon fo dokiman oswa modifye l	Yon (1) jou ISS—Twa (3) jou ISS
3606	Kopye zèv	Vòlè oswa kopye yon travay san nou pa site sous lan	Yon (1) jou retni - Twa (3) jou ISS
3607	Mete fo nòt	Fè chanjman ki pa otorize nan nòt yo	Yon (1) jou retni - Twa (3) jou ISS
3610	Konduit ki deranje	Nenpòt konpòtman ki deranje anpil fonksyònman òdone lekòl la oswa ki deranje anpil anviwònman aprantisaj la. Pou konpòtman ki deranje, gade	Twa (3) jou ISS- Twa (3) jou ISS

		kòd ensidan 3628. Pou Vyolasyon Lapè, gade kòd 1760.	
3611	Voye objè	Ensidan san viktim kote elèv la voye yon objè (elastik, papye, elatriye).	Yon (1) jou retni - Twa (3) jou ISS
3612	Enfraksyon ki gen rapò ak machin a motè	Vyolasyon sou kòd pou machin a motè lekòl ak/oswa distri a.	Yon (1) jou ISS—Twa (3) jou ISS *Pèdi privilèj pou paking
3620	Konpòtman Vilgè	Nenpòt konpòtman ki choke moralite oswa desans lan (konpòtman vilgè, ekspozisyon endesan, fè rèl, elatriye)	Yon (1) jou retni - Twa (3) jou OSS
3621	Jès ki pa apwopriye	Yon mouvman oswa pozisyònman kò ki chokan oswa vilgè	Yon (1) jou retni - Twa (3) jou OSS
3622	Mesaj ekri ki vilgè	Nenpòt kominikasyon ki chokan oswa endesan. Li gen ladan l kominikasyon ekri ak elektwonik	Yon (1) jou retni - Twa (3) jou OSS
3623	Manifestasyon afeksyon	Yon aksyon kote gen entimite fizik (bo, elatriye).	Yon (1) jou retni - Twa (3) jou ISS
3624	Langaj chokan/vilgè	Langaj chokan oswa endesan	Yon (1) jou retni - Twa (3) jou OSS
3625	Pònografi	Posesyon oswa distribisyon materyèl enprime oswa elektwonik ki gen nati seksyèl.	Yon (1) jou retni - Twa (3) jou ISS
3626	Krache	Fòse krache mete krache nan bouch ou deyò.	Yon (1) jou retni
3627	Konpòtman ki pa apwopriye	Gwo bri, jwèt goumen	Yon (1) jou ranvwa nan sal klas la—Twa (3) jou OSS
3629	Risk pou blesi	Konpòtman ki kapab lakòz blesi.	Yon (1) jou retni - Twa (3) jou OSS
3634	Pa ale nan retni oswa ISS	Asiyen nan yon retni oswa ISS pou absans san avètisman.	Yon (1) jou retni - Twa (3) jou ISS
3641	Rete nan yon espas san otorizasyon	Rete nan yon espas san otorizasyon.	Yon (1) jou retni - Twa (3) jou ISS
3642	Refize bay idantite	Refize bay badj idantifikasyon oswa idantifyan elèv.	Yon (1) jou retni - Twa (3) jou ISS
3644	Akimilasyon retni	Akimilasyon senk (5) oswa plis retni nan yon ane akademik.	Yon (1) jou ISS—Twa (3) jou ISS
3649	Vyolasyon kòd sekirite	Vyolasyon kòd sekirite	Yon (1) jou ISS-Twa (3) jou

3650	Fo alam pou dife	Aktive alam pou dife a ak tout volonte w	Yon (1) jou ISS-Twa (3) jou
3651	Rele 911	Rele 911 avèk entansyon pou deklare yon fo ijans	Yon (1) jou ISS-Twa (3) jou
3653	Fo enfòmasyon oswa bay manti	Bay pèsonèl lekòl la fo enfòmasyon oswa enfòmasyon ki pou twonpe l.	Yon (1) jou retni - Twa (3) jou ISS
3660	Jwèt aza	Parye sou rezilta yon aktivite	Yon (1) jou retni - Twa (3) jou ISS
3674	Anrejistreman ki pa apwopriye	Anrejistre moun yon fason ki pa apwopriye	Yon (1) jou retni - Twa (3) jou ISS
3681	Rale chèz anba dèyè yon moun ki pral chita	Rale chèz anba dèyè yon moun ki pral chita	Yon (1) jou retni - Twa (3) jou ISS
3682	Pipi an piblik	Pipi an piblik	Yon (1) jou retni - Twa (3) jou ISS
3683	Dòmi nan klas	Dòmi nan klas	Yon (1) jou retni Oryantasyon pou sèvis
3685	Itilizasyon abizif yon kat aksè	Itilizasyon abizif ak/oswa Itilizasyon yon fo kat aksè	Yon (1) jou retni—Yon (1) jou ISS
3687	Pa prepare pou klas	Pa prepare pou klas	Kontak pou paran—Yon (1) jou retni
3688	Pa respekte akò ak/oswa plan konpòtman	Pa respekte akò ak/oswa plan konpòtman	Jan sa di nan akò a
3831	Itilize tabak oswa sigarèt elektwonik (Tanpri gade nan ED166 pou diferan kalite yo)	Itilize pwodui ki gen nikotin nan espas lekòl la (sigarèt, sigarèt elektwonik, chiklèt ki gen tabak)	Yon (1) jou retni - Twa (3) jou ISS

Ensidan ki nan Nivo 3

Konpòtman ki vyolan, epi ki mete an danje sekirite, moral, sante oswa byennèt lòt moun yo. **- Tout enfraksyon ki nan nivo twa (3) dwe gen de (2) sipò dokimante ki anrejistre nan PowerSchool.**

Kòd	Kalite Ensidan	Deskripsyon	Konsekans ki Posib
1100	Mete dife ak yon entansyon kriminèl	Destriksyon oswa domaj danjere yon batiman oswa lòt byen eskolè lè li limen ak bon jan entansyon yon dife oswa lakòz yon eksplozyon.	Yon (1) jou OSS—Senk (5) jou OSS
1110	Limen dife pa enpridans	Kòmanse yon dife oswa lakòz yon eksplozyon ak bon jan entansyon, epi sa ki lakòz ou mete yon batiman an danje oswa domaje l pa enpridans.	Yon (1) jou OSS—Senk (5) jou OSS

		Mete dife nan papye oswa nan poubèl, mete dife nan byen pèsonèl moun, elatriye.	
1400	Kase kay oswa rantre pou vòlè	Rantre yon fason ki pa legal oswa tantativ pou rantre nan yon batiman oswa lòt estrikti avèk entansyon pou komèt yon krim	Twa (3) jou ISS—Senk (5) jou OSS
1410	Vòl	Pran byen ki pou yon lòt moun yon fason ki pa legal, san menas pou blese l sou kò oswa vyolans.	Twa (3) jou ISS—Senk (5) jou OSS
1420	Vòl kalifye	Pran oswa eseye pran yon objè valè ki pou yon lòt moun oswa òganizasyon nan sikonstans konfliktyèl oswa pandan w ap itilize fòs, laperèz oswa menas vyolans. Pa egzanp, menase pou bat yon elèv si li pa ba ou lajan pou manje midi li a. Remak: Diferans ant vòl kalifye ak vòl senp se nan vòl kalifye a viktim nan la, epi gen swa menas oswa gen yon atak reyèl sou fizik li.	Yon (1) jou OSS—Senk (5) jou OSS
1700	Goumen/diskisyon/agresyon fizik	Patisipasyon nan yon ensidan ki te enplike konfwontasyon fizik kote youn oswa plis patisipan resevwa yon blesi fizik minè. Lè gen yon blesi fizik minè li pa mande pou gen atansyon medikal yon pwofesyonèl, tankou yon grafonyen nan pye, jenou, oswa koud; ak/oswa kote ki anfle tou piti. Atansyon medikal ou resevwa nan men enfimyè lekòl la fè konnen blesi a lejè, sof si ou bezwen lòt swen medikal.	Twa (3) jou ISS—Senk (5) jou OSS
1710	Goumen kote gen fòs fizik	Patisipasyon nan yon konfwontasyon oswa kèk lòt tip agresyon fizik ki pa lakòz okenn blesi. Nou itilize kalite ensidan sa a lè yon moun frape yon lòt moun (men li pa	Twa (3) jou ISS—Senk (5) jou OSS

		lakòz blesi), epi goumen an te fini anvan lòt patisipan an entèvni vanjans.	
1712	Ankouraje pou goumen oswa pou revòlte	Lakòz oswa òganize yon goumen oswa revòlt.	Twa (3) jou ISS—Senk (5) jou OSS
1720	Agresyon oswa atak	Frape yon moun avèk entansyon pou blese l sou kò l yon fason ki grav.	Twa (3) jou ISS—Senk (5) jou OSS
1740	Move konpòtman ki grav	Yo te rele sekirite oswa lapolis, ka gen yon blesi ki grav, epi/oswa te gen yon deranjman majè nan pwosesis edikatif la.	Twa (3) jou ISS—Senk (5) jou OSS
1750	Aktivite nan gang	Nenpòt konpòtman yo jije ki gen rapò ak gang.	Yon (1) jou OSS—Senk (5) jou OSS
1760	Vyolasyon lapè	Nenpòt konpòtman ki lakòz twoub oswa pètibasyon anviwònman aprantisaj la.	Yon (1) jou ISS-Senk (5) jou OSS
1810	Menas oswa Entimidasyon	Kominikasyon fizik, vèbal, alekri oswa elektwonik (san prezantasyon fizik yon zam epi san pa gen atak fizik) sa ki lakòz yon laperèz pou pa gen domaj. Itilize kòd 1817 si nou te kontakte lapolis oswa te gen yon zam ki enplike.	Twa (3) jou ISS—Senk (5) jou OSS
1811	Jouman rasyal ak/oswa krim rayisab	Yon ensidan ki enplike karakteristik oswa pèsepsyon karakteristik viktim la tankou ras, sèks, relijyon, kolè, oryantasyon seksyèl, etnisite, zansèt, orijin nasyonal, kwayans politik, eta sivil, antesedan sosyal oswa fanmi, preferans lengistik oswa andikap. Si ensidan an pa enplike yon moun patikilye pa ajoute yon viktim.	Yon (1) jou ISS—Senk (5) jou OSS
1813	Rityèl imilyasyon yon gwoup fè	Mande yon moun pou fè tach ki penib ak/oswa ki imilyan nan kad yon inisyasyon.	Yon (1) jou retni - Twa (3) jou OSS
1817	Menas pou atake moun nan fizikman	Menm jan ak ensidan ki nan Tip 1810, men nan ka sa yo kontakte lapolis akoz menas yo grav. Ka gen yon zam ki enplike. Nou ka itilize kòd sa a pou	Twa (3) jou ISS—Senk (5) jou OSS

		menas lanmò.	
1818	Entimidasyon fizik	Soumèt yon moun ak entimidasyon fizik (tankou koupe cheve yon moun, limen yon alimèt oswa brikè bò kote yon moun, elatriye).	Twa (3) jou ISS—Senk (5) jou OSS
1820 jiska 1823	Mete sibtans etranje nan manje ak/oswa bwason (Tanpri gade nan ED166 pou diferan kalite yo)	Mete ak bon jan entansyon yon sibtans etranje ki kapab lakòz gwo domaj nan manje oswa bwason yon moun.	Twa (3) jou ISS—Senk (5) jou OSS
1824	Sibstans etranje sou yon moun	Flite oswa mete lòt sibstans etranje sou yon moun avèk entansyon pou lakòz domaj, oswa pou mete yon moun malalèz.	Twa (3) jou ISS—Senk (5) jou OSS
1825	Mete yon moun an danje ak bon jan entansyon	Lè ou lakòz ak bon jan entansyon yon danje imedya pou yon moun, tankou mete l an kontak ak yon sibtans kostik (gan latèks, pistach, elatriye).	Twa (3) jou ISS—Senk (5) jou OSS
1900	Asèlman (seksyèl)	Pwopozisyon seksyèl ki pa apwopriye epi ki pa gen plas, demann pou favè seksyèl, lòt konpòtman fizik oswa nan bouch, oswa kominikasyon ki gen entansyon seksyèl, li gen ladan l asèlman ki baze sou sèks sa ki kreye yon anviwònman edikatif ki gen entimidasyon, vyolans, oswa ki chokan.	Twa (3) jou ISS—Senk (5) jou OSS
1901	Abi seksyèl ki baze sou imaj	Distribisyon san konsantman, oswa menas pou distribisyon, yon medya ki eksplisit avèk entansyon pou kreye yon domaj emosyèl, oswa pou fè revanj kont yon moun. Moun nan ka te pataje objè a anvan sa a ak konsantman l.	Twa (3) jou ISS—Senk (5) jou OSS
1910	Agresyon seksyèl	Penetrasyon oral, anal, oswa vajinal fòse oswa ki kont volonte yon moun oswa kote moun nan pa kapab bay konsantman l. Kontak seksyèl ki fòse ak/oswa kont volonte	Dis (10) jou OSS

		yon moun, oswa kote viktim la pa kapab bay konsantman l paske li jèn ak/oswa paske li gen yon enkapasite mantal. Pa egzanp, kadejak, manyen san konsantman, libète endesan, pedofili, sodomi oswa detounman minè	
1920	Enfraksyon seksyèl	Rapò seksyèl, kontak seksyèl, oswa lòt konpòtman ki gen entansyon pou jwenn yon satisfaksyon seksyèl ansanm. Yo pa fòse l oswa yo menase l pou fòse. Karès oswa kontak seksyèl oral se egzanp.	Twa (3) jou ISS—Senk (5) jou OSS
2000	Omisid	Tiye moun oswa omisid envolontè	Dis (10) jou OSS
2050	Tantativ suisid	Evalyasyon sikyatrik obligatwa; sanksyon an dwe koresponn avèk ensidan.	Referans pou sipò
2060	Konpòtman kote moun nan ap blese tèt li	Konpòtman ki lakòz yo mete l deyò tousuit nan lekòl ak/oswa klas la. Evalyasyon sikyatrik obligatwa; sanksyon an dwe koresponn avèk ensidan.	Referans pou sipò
2061	Epizòd sikotik	Konpòtman ki lakòz yo mete l deyò tousuit nan lekòl ak/oswa klas la. Evalyasyon sikyatrik obligatwa; sanksyon an dwe koresponn avèk ensidan.	Referans pou sipò
2062	Arè sikotik	Konpòtman ki lakòz yo mete l deyò tousuit nan lekòl ak/oswa klas la. Evalyasyon sikyatrik obligatwa; sanksyon an dwe koresponn avèk ensidan.	Referans pou sipò
2100	Kout kouto	Pèse po yon moun avèk yon enstriman pwenti. Nou dwe mete ki kalite zam li itilize (Kouto, plim/kreyon).	Senk (5) jou OSS—Dis (10) jou OSS
2200	Chantaj	Chantaj lajan oswa lòt pwodui ki gen valè atravè menas pou ekspoze aksyon kriminèl, oswa lòt	Senk (5) jou OSS—Dis (10) jou OSS

		konpòtman ki pa kòrèk. Nou dwe avèti fòs lòd yo.	
2300	Kidnaping	Pran, transpòte epi/oswa kenbe yon moun oswa yon minè san li pa dakò oswa ak fwod	Senk (5) jou OSS—Dis (10) jou OSS
2310	Transpò elèv nan espas ki andeyò lakou lekòl la	Transpò elèv nan espas ki andeyò lakou lekòl la san konsantman paran ki responsab, responsab legal, oswa otorizasyon lekòl la.	Twa (3) jou ISS- Senk (5) jou OSS
2700	Menas pou lekòl la oswa menas bonm	Nenpòt moun ki fè menas (nan bouch, alekri, oswa elektwonik) pou bonbane oswa pou itilize lòt sibstans oswa aparèy nan objektif pou eksploze, boule, lakòz domaj nan yon etablisman eskolè, pwopriyete, oswa pou blese elèv yo epi/oswa pèsonèl la (pa egzanp menas, menas chimik oswa biyolojik, menas teworis). Lapolis oswa pèsonèl sekirite a dwe enplike.	Senk (5) jou OSS—Dis (10) jou OSS
3643	Akimilasyon sispansyon	Akimilasyon senk (5) oswa plis sispansyon nan yon ane akademik.	Yon (1) jou ISS- Senk (5) jou OSS
3600	Arestasyon sou lakou lekòl la	Ensidan ki lakòz yo arete elèv la	Twa (3) jou ISS- Senk (5) jou OSS

3700 jiska 3798	Zam Tanpri gade nan ED166 pou diferan kalite zam yo)	Posesyon zam	Yon (1) jou ISS Dis (10) jou OSS
3801 jiska 3806	Alkòl (Tanpri gade nan ED166 pou diferan kalite alkòl yo)	Posesyon oswa itilizasyon	Twa (3) jou ISS- Senk (5) jou OSS
		Lavant oswa distribisyon	Senk (5) jou ISS- Dis (10) jou OSS
3811-3822	Medikaman ilegal ak/oswa preskripsyon medikaman (Tanpri gade nan ED166 pou diferan kalite medikaman yo)	Posesyon oswa itilizasyon	Twa (3) jou ISS- Senk (5) jou OSS
		Lavant oswa distribisyon	Dis (10) jou OSS— Ekspilsyon obligatwa

3851 jiska 3858	Mariwana ak/oswa THC (Tanpri gade nan ED166 pou diferan kalite yo)	Posesyon oswa itilizasyon	Twa (3) jou ISS- Senk (5) jou OSS
		Lavant oswa distribisyon	Dis (10) jou OSS— Ekspilsyon obligatwa

Anèks 1

Norwalk Public Schools

Rapò sou Entimidasyon - Rezime Envestigasyon an

Lekòl: Klike oswa peze la pou mete tèks la.

Dat: Klike oswa peze la pou mete tèks la.

Adrès: Klike oswa peze la pou mete tèks la.

Enfòmasyon sou Repòtè a: Klike oswa peze la pou mete tèks la.

Rapò sou Elèv Anonim la: ☐

Rapò Manm Pèsonèl la: ☐ **Non:** Klike oswa peze la pou mete tèks la.

Rapò Paran oswa Responsab Legal: ☐ **Non:** Klike oswa peze la pou mete tèks la.

Rapò Elèv la: ☐ **Non:** Klike oswa peze la pou mete tèks la.

Elèv yo Siyale Kòm Moun Ki Fè Aksyon an: Klike oswa peze la pou mete tèks la.

Elèv yo Siyale Kòm Viktim lan: Klike oswa peze la pou mete tèks la.

Deskripsyon Aksyon yo Sipoze li fè a: Klike oswa peze la pou mete tèks la.

Lè ak Kote li fèt la: Klike oswa peze la pou mete tèks la.

Non Temwen Potansyèl: Klike oswa peze la pou mete tèks la.

Septanm 2022

Anèks 2

Norwalk Public Schools

Fòm Referans pou Ensidan an

Non Pèsonèl la: Klike oswa peze la pou mete tèks la.

Dat: Klike oswa peze la pou mete tèks la.

Non Elèv la: Klike oswa peze la pou mete tèks la.

Dat ak Lè ak Rezilta Kontak avèk Paran oswa Responsab Legal la: Klike oswa peze la pou mete tèks la.

Dat ak Lè Pèsonèl la te Pale avèk Depatman pou Rekòmandasyon (si li aplikab); Klike oswa peze la pou mete tèks la.

Deskripsyon Ensidan an Klike oswa peze la pou mete tèks la.

Septanm 2022

Ryan Harold
Sipèvizè Sekirite
haroldr@norwalkps.org
Telefòn: 203-854-4117
Selilè: 203-667-9200
125 East Avenue, PO BOX 6001
Norwalk, CT 06852-6001

Demann pou Pwosedi Aksyon Administratif

Nan tout ka kote gen yon Sispansyon Ki Pa Fèt Anndan Lekòl la oswa y ap konsidere yon mezi ki pi grav pase sa ki site nan Kòd Konduit, ou dwe ranpli yon Fòm Demann pou Mezi Administratif epi soumèt li bay Sipèvizè Sekirite a anvan biwo a fèmen jou ensidan an pou apwobasyon an.

Sispansyon Ki Pa Fèt Anndan Lekòl la

Sa ki apwopriye lè gen sispansyon, elèv la reprezante yon danje pou moun oswa pou etablisman an, oswa li deranje pwosesis edikatif la, oswa lè nou baze sou pwoblèm disiplinè li te gen anvan yo epi ki te trete yon fason restoratè. Lè gen enfraksyon ki nan nivo 2 ak nivo 3 gen posibilite pou gen yon sispansyon Ki Pa Fèt Anndan Lekòl la

Sitiyasyon sa yo gen ladan l men li pa limite ak:

- Vyolans
- Ki fèt yon fason seksyèl epi ki mete lavi moun an danje
- Vann oswa itilize dwòg oswa alkòl
- Posesyon zam

Ryan Harold
Sipèvizè Sekirite
haroldr@norwalkps.org
Telefòn: 203-854-4117
Selilè: 203-667-9200
125 East Avenue, PO BOX 6001
Norwalk, CT 06852-6001

Demann pou Pwosedi Aksyon Administratif

Nan tout ka kote gen yon Sispansyon Ki Pa Fèt Anndan Lekòl la oswa y ap konsidere yon mezi ki pi grav pase sa ki site nan Kòd Konduit, ou dwe ranpli yon Fòm Demann pou Mezi Administratif epi soumèt li bay Sipèvizè Sekirite a anvan biwo a fèmen jou ensidan an pou apwobasyon an.

- Direktè oswa moun Direktè a deziyen pou fè ankèt sou ensidan an
  - kolekte deklarasyon alekri nan men tout pati yo oswa temwen ensidan
  - kolekte prèv elektwonik si li apwopriye tankou imèl, tèks, imaj (anketè a dwe gen konsantman pati yo si prèv yo nan aparèy ki se pwopriyete prive yo)
  - egzaminen imaj kamera videyo a si li apwopriye
- Nou ofri yon odyans enfòmèl pou tout elèv ki enplike nan yon ensidan nou sipoze
- Nou etabli kontakt avèk paran oswa responsab legal la epi dokimante
  - enfòme yo sou ensidan an
  - enfòme yo sou fè minimòm ki gen nan ankèt la
  - enfòme yo elèv la ap rete nan ISS pou rès jounen an oswa yo kapab pase pran l (nou pa kapab voye elèv la lakay li oswa relache l nan lekòl la)
  - enfòme yo sou Demann pou Aksyon Administratif ki soumèt la epi bay eksplikasyon
  - gen yon yon reyinyon pou paran oswa responsab legal ki planifye nan jou k ap vini yo pou ale sou aksyon disiplinè ak pwochen etap yo (apèl telefòn oswa an pèsòn)
- Direktè oswa Moun Direktè a Deziyen a soumèt yon Demann pou Aksyon Administratif ki ranpli bay haroldr@norwalkps.org ak burrd@norwalkps.org anvan biwo a fèmen nan jou ensidan an
- Direktè a oswa Moun Direktè a Deziyen resevwa yon apwobasyon oswa refi pou demann li te soumèt la
- Nou anrejistre ensidan an nan PowerSchool (Tout espas yo dwe ranpli)
- Direktè a oswa Moun Direktè a Deziyen rankontre avèk paran oswa responsab legal la pou pale sou sanksyon disiplinè ak pwochen etap yo, li gen ladan l valè tansispansyon an, kote li ap fèt, ak sipò
- Nou ekri lèt sispansyon an epi nou bay paran oswa responsab legal la
- Nou soumèt lèt sispansyon an bay burrd@norwalkps.org

Ryan Harold
Sipèvizè Sekirite
haroldr@norwalkps.org
Telefòn: 203-854-4117
Selilè: 203-667-9200
125 East Avenue, PO BOX 6001
Norwalk, CT 06852-6001

Demann pou Pwosedi Aksyon Administratif Suit...

- Nou te avèti pwofesè elèv la
  - non elèv la
  - kantite tan sispansyon
  - nou kolekte travay elèv la
- Sit OSS la resevwa yon notifikasyon si li apwopriye
  - non elèv la
  - kantite tan sispansyon
  - elèv la dwe bay travay li yo
- Nou òganize yon reyinyon ki gen elèv, paran oswa responsab legal la epi si li apwopriye pèsonèl la pou reyentegre elèv la (nou pa kapab mete yon elèv deyò epi anpeche l pran enstriksyon paske li pa retounen avèk paran l)

Ryan Harold
Sipèvizè Sekirite
haroldr@norwalkps.org
Telefòn: 203-854-4117
Selilè: 203-667-9200
125 East Avenue, PO BOX 6001
Norwalk, CT 06852-6001

Demann pou Pwosedi Aksyon Administratif

(Tanpri ajoute tout prèv nou kolekte pandan ankèt la)

Non Elèv la: Klike oswa peze la pou mete tèks la.

Nimewo Idantifikasyon Elèv la: Klike oswa peze la pou mete tèks la.

Enfraksyon: Klike oswa peze la pou mete tèks la.

Deskripsyon Ensidan an: Klike oswa peze la pou mete tèks la.

Anketè ki ap travay sou Ensidan an: Klike oswa peze la pou mete tèks la.

Dat Odyans Enfòmèl la: Klike oswa peze la pou mete tèks la.

Dat nou te voye Avi a Bay Paran an: Klike oswa peze la pou mete tèks la.

Metòd nou te itilize pou voye Avi a Bay Paran an: Klike oswa peze la pou mete tèks la.

Nou te Kontakte Paran an Avèk Siksè: ☐ **wi** ☐ **non**

Kantite Jou Yo Mande a: Klike oswa peze la pou mete tèks la.

☐ **OSS** ☐ **ISS**

Ensidan ki pase yo

Dat: Klike oswa peze la pou mete tèks la.
Enfraksyon: Klike oswa peze la pou mete tèks la.
Repons Disiplinè: Klike oswa peze la pou mete tèks la.
Dokiman Sipò ak entèvansyon yo ak dat: Klike oswa peze la pou mete tèks la.

Dat: Klike oswa peze la pou mete tèks la.
Enfraksyon: Klike oswa peze la pou mete tèks la.
Repons Disiplinè: Klike oswa peze la pou mete tèks la.
Dokiman Sipò ak entèvansyon yo ak dat: Klike oswa peze la pou mete tèks la.

Eksplikasyon sou fason elèv la reponn ak egzijans pou OSS oswa plis aksyon disiplinè sevè pase sa ki di nan Kòd Konduit la: Klike oswa peze la pou mete tèks la.